- Qosim, Amjad (penerjemah: Saiful Aziz). 2008. *Hafal Al Qur'an dalam Sebulan (Judul Asli: Kaifa Tahfadzul Qur'an Al Kariim fi Syahri)*. Solo: Qiblat Press
- Raco, J.R. 2010. *Metode Penelitian Kualitatif: Jenis, Karakteristik dan Keunggulannya*. Jakarta: PT Grasindo
- Sa'dulloh. 2008. *9 Cara Praktis Menghafal Al Qur'an*. Jakarta: Gema Insani
- Santrock, J. W. 2001. *Life-Span Development: Perkembangan Masa Hidup, Edisi 5, Jilid II*. Jakarta: Erlangga.
- Saptadi Ismanto, Heri. 2012. *Faktor-faktor pendukung kemampuan menghafal al-qur'an dan implikasinya dalam bimbingan dan konseling (Studi Kasus pada beberapa santri di Pondok Pesantren Raudlotul Qur'an Semarang)*. Semarang: Universitas Negeri Semarang, Jurnal Bimbingan Konseling Vol. 1 No. 2 (2012) <http://journal.unnes.ac.id/sju/index.php/jubk> diunduh pada tanggal 26 November 2015 pkl. 09.06 WIB
- Sardiman, A. M. 1990. *Interaksi dan Motivasi Belajar Mengajar Manajemen*. Jakarta: Raja Grafindo Persada.

Sholichatun, Yulia. 2014. *Handout Kuliah Modifikasi perilaku (Edisi Revisi)*.

Malang: Fakultas Psikologi Universitas Maulana Malik Ibrahim Malang

Sobur, Alex. 2011. *Psikologi Umum*. Bandung: CV Pustaka Setia.

Usman, Mohammad Uzer. 1994. *Menjadi Guru Profesional*. Bandung: Remaja

Rosdakarya

Winkel, W. S. 1980. *Psikologi Pendidikan dan Evaluasi Belajar*. Jakarta:

Gramedia

W. Creswell, John. 2015. *Penelitian Kualitatif & Desain Riset Memilih Di antara*

Lima Pendekatan. Yogyakarta: Pustaka Pelajar

Lampiran I (Panduan Wawancara)


Panduan Wawancara I

1. Pengambilan keputusan untuk menghafalkan Al Quran.
2. Diri sebelum dan sesudah menghafal Al Quran.
3. Motivasi apa saja yang mempengaruhi untuk masuk dalam dunia hafalan.
4. Pertimbangan memilih tempat hafalan atau pondok hafalan.
5. Metode pengajaran di pondok/ Aktifitas keseharian selain mengaji.



Panduan Wawancara II

1. Strategi dalam menghafalkan Qur'an.
2. Intrapersonal subyek dalam menjalani hafalan Al Qur'an: standard tujuan/pemeliharaan, motivasi internal, dan menjaga kondisi hati.
3. Interpersonal subyek dalam menjalani hafalan Al Qur'an: hubungan dengan teman dipondok, hubungan dengan keluarga, dan hubungan dengan pengurus atau guru mengaji.
4. Regulasi diri metapersonal/transendental
5. Cara membagi waktu antara nderes dengan kegiatan atau aktifitas di pondok.
6. Kesulitan-kesulitan yang dihadapi dalam menghafalkan.
7. Manfaat yang paling dirasakan dari seorang penghafal quran di pondok tersebut.



Lampiran II (Verbatim)

Wawancara B1

Via telepon

No	Pewawancara	Subyek
1	Assalamualaikum	Waalaikum salam
2	Sehat kan om?	Alhamdulillah sehat wik, <i>lha kowe piye? ono opo wik kok bengi-bengi nelpon?</i>
3	Alhamdulillah sehat om, gak ada apa-apa om. Cuman pengen tanya-tanya	<i>Piye takok opo leh?</i>
4	Iku lho masalah pondok <i>ndlangu</i> . Yo <i>koyok wawancara sithik lah,hehe</i>	Oalah, siap-siap
5	Ok sibp om,,	<i>Gawe bahasa Indonesia yo wik?</i>
6	<i>Kersane om, gawe ya gak po-po</i>	<i>Yo wes leh nek ngono</i>
7	Bagaimana model pembelajaran, misalnya mengaji dan kegiatan lain yang ada disana?	Di pondok ini memang pondok afalan Qur'an. Tapi ya ada tambahan lagi, jadi selain mengaji disini juga diajari bekerja.
8	Kemudian bagaimana keseharian di pondok saat ini? Mulai dari kegiatan mengajinya.	Sama seperti pondok yang lain, <i>sema'an</i> dan <i>setoran</i> . Kalau untuk jadwal setoran hafalan baru (<i>tambahan</i>) yang dilaksanakan setelah subuh, kemudian setoran hafalan yang telah dimiliki para santri (<i>deresan</i>) pada malam hari setelah jama'ah sholat Isya' dan pagi hari di waktu dhuha (sekitar jam 7 pagi) dan juga kajian kitab kuning pada pagi hari setelah setoran hafalan di jadwal ngaji dhuha dengan sistem <i>sorogan</i> (pengajian dengan metode santri membaca kitab kuning dan disemakkan langsung oleh seorang kyai atau guru). Pondok pesantren hafalan Al Quran ini memiliki konsep atau metode yang berbeda dari pondok pesantren hafalan Al Quran yang lain, semua santri memiliki kegiatan rutin yang dilakukan setelah aktifitas pengajian. Para santri dilatih untuk menjadi pribadi yang mandiri dan mampu bekerja ditengah kesibukannya sebagai santri penghafal Al Quran, mereka dilatih bekerja.

9	Apa saja kegiatan yang dijalankan disana selain mengaji?	Selain <i>ngaji</i> ,,, disini ada nggoreng kerupuk, jualan telur ke pasar-pasar, jualan gas, membuat roti, selean adonan aneka kueh, ternak kambing, <i>ngrumati</i> sawah (ladang,pen), tempat potong rambut, dan lain-lain pokoknya.
10	Lumayan banyak dan berkembang y sekarang, ya sudah om, sampai sini dulu. Karena sudah malam sampean lanjutkan nderes e, maaf mengganggu ya. Wassalamu alaikum	Iya <i>gak po-po kok wik</i> , waalaikum salam warahmah.



Wawancara B2 (Sabtu, 19 Maret 2016)

Tempat : Rumah Basuki

Waktu : 22.15 WIB

No.	Peneliti	Subjek
1	<i>Assalamualaikum,,,,</i>	<i>Waalaiikum salam warahmah,,</i>
2	<i>Alhamdulillah,,, suwun um ya,, wes gelem nyempetne wektu gawe bantu aku.</i>	<i>Santai wes, pokok nek aq sanggup bantu yo tak bantu wik,, tapi aku jalok rengrengan seng ape ditakonke a,, ben gak bingung aku.</i>
3	<i>Monggo niki um,,</i>	<i>Heem,,, sibp.</i>
4	<i>Tolong samean ceritakno,, awal e samean iso sampek mutusne pengen mondok ngapalno Qur'an.</i>	<i>Aku pengen ngapalno sekolah iku wes suwe, sekitaran 2003. Waktu ijeh sekolah....terus kancaku iki kan jejerku sekolah a, jejerku panggon. Fakhruddin iku lhoo,, uut uut. Anak e Yi Darda' Ndlangu. Kan ngapalno neng Mbah Dullah, pas jaman semono kui ngapalno,, terus jaman semono kui nek ndekne ngaji khataman aku sering diajak. Pertama memang dari iku awal pengen ngapalno.</i>
5	<i>Berarti memang gak ono kongkongan teko keluarga opo teko endi-endi um?</i>	<i>Gak,,gak,,gak,,,ora ono,, asline wong tuwoku malah gak oleh kok. Ma'aku asline kudu gak oleh nek aku mondok malah kok. Pas jaman semono aku seng mekso pengen mondok iku,, ngasek sapiku tak dol i, wedusku tak dol i kok pas pengen mondok pertama kuwi. Awal mondok aku malah aku gak direstui mbokku malah awal e, pas aku izin iku mbokku, "lha terus aku ngko neng omah karo sopo???" coro ngono ma'aku iku,,,,khawatir thok isine. Terus akhir e tak yakino tak yakino terus yakin dewe akhir e,, ngono awal e.</i>
6	<i>Yakino tentang opo iku um???</i>	<i>He? Yo yakino tentang dewean iku. Maksud e niatku mondok ngapalno kuwi niat apek.</i>
7	<i>Iku 2003 y om? Bareng aku berarti y pas iku?</i>	<i>Disek kuweee,, wong aku mondok ndlangu iku 2004 nek gak 2005 kok.</i>

8	<i>Oh iyo yo,,,,,,,,,hehe</i>	<i>Nek moyek yo wes neng ndlangu,, dinyeki ndekne, dienggo kalah-kalahan ndekne aku pas iku. Sopo leh iku kok mlete.</i>
9	<i>Terus pas kui diterne Uut?</i>	<i>Ogak ah, aku diterno Perso.</i>
10	<i>Kang Perso Mbenagung iku?</i>	<i>Heem. Kan aku golek pondok seng neng kono iku gak mberatno wong tuwo. Nah iku ono koncone koncoku ngedohno neng Ndlangu. Pas jaman kuwi kan sekolah e wong e neng Guyangan. Nduwe konco seng jeneng e Perso karo Karnadi, posisine Perso karo Karnadi sak kelas. "yo wes tak dohno neng ndlangu" terus tekan kono ketemu Perso, yo wes sowan rono karo Perso mbarang iku mau. Nek mok takokno masalah pengambilan keputusan aku mondok yo ngono kuwi mau, kan seng muk takonke sebelum memutuskan mondok yo kuwi mau selain songko hidayah ah. Seng kedua yo kuwi mau keinginan songko ndwe konco iku mau. Nek diri sesudah iki aku ora iso njawab iki, awakku durung selesai kok.</i>
11	<i>Diri sebelum e disek um,,,,</i>	<i>Eee,,,yo iku mau aku ancen cah nakal. Intine cah ratanan. Nakal aku. Kumpulanku yo cah,,, ngunu kuwi. Kumpulanku cah nakal, cah mabuk, cah maling,,,,, tapi untunge aku gung mabuk, gak sampek aku doyan, trus mangan barang haram yo wis biasa. Mangan iwak-iwak asu, garangan. Untunge aku ora doyan iwak.</i>
12	<i>Ora doyan iwakwes suwi ya um?</i>	<i>Wes suwii aaa,,, aku gak doyan iwak awit cilik a sin. Aku lagek doyan iwak iku neng ndlangu kok. Dipakani iwak gereh. Aku gak doyan iwak kan awit cilik a,, doyanku yo tempe tahu thok.</i>
13	<i>Emang kumpulan e biasane neng ndi um?</i>	<i>Heeh a,, iki neng bok kene iki maune, sakikine kan sepi a kretek iki, bok ngarep omah iki. Jaman disek kan iki ono kretek e, kretek e wes gak ono bok</i>

		<i>e. Disek ijek ono bok e jaman semono,,, ijek ono cah nongkrong sampe jam siji jam loro. Kan ono rondan e, Kadang sampe ngenteni opo,,,, ngenteni opo leh,,, ngenteni campion,,, jaman semono</i>
14	<i>Ooh,, bal-balan, ono tv ne ya um?</i>	<i>Ono to,,</i>
15	<i>Rame berarti y um?</i>	<i>Rame a, sakiki kan wes sepi a. Sakiki ganti cah cilik-cilik. Cah cilik-cilik sakiki nongkrong e ganti neng lapangan kono. Nek jamanku ya neng angkruk.</i>
16	<i>Lha iku coro bolo sak umuran sekolah kabeh yo???</i>	<i>Yo aku paling cilik itungan e, sak kangaku kabeh. Sak aku menduwur kabeh, seng sak umuranku iku jarang. Tapi wes piye yo,,, karo wong tuwo lah yo aku wani.</i>
17	<i>Wani???</i>	<i>Heeh. Sadarku kan aku ditangisi mbokku a, dikongkon mateni. Sadarku iku aku dikon mateni mbokku.</i>
18	<i>Perkoro opo iku?</i>	<i>Perkoro aku yo,,, kumpulanku ngonoku, pas diluru mbokku aku pas balaku do mabuk kabeh.</i>
19	<i>Neng kene, neng bok iku?</i>	<i>Heeh. Setelan e film ngonoku. Langsung dijukukno aret seng tak nggo ngaret iku. "daripada aku neng ndunyo aku roh penggawehanem koyok ngeneki, aku pateni wae. Aku roh neng ndonyo bocah cilik tak gedekno kelakuanem koyok ngene iki. Alung mati ae, alung muk pateni wae" Iku dadi lan sadarku ko gon e iku.</i>
20	<i>Awal titik sadar berarti pas bengi iku ya um?</i>	<i>Heem, pas iku sak ilengku aku pas ngenteni campion antarane Bayern leverkusen ambi Real Madrid. Nek gak leverkusen mboh Muenchen. Oh yo Leverkusen pas iku, ijek kondang Leverkusen maune. Ditangisi mbokku.</i>
21	<i>Pas tengah wengi berarti pas diparani rono iku?</i>	<i>Heeh, pas mbokku awak e rodok gak kepenak.</i>

22	Golek konco ngono a?	Heeh, diluru a, malah nek kono kecekel e lagek delok. Disek kan rondan e model e tertutup ono tv ne. Nek ndelok bal do nek njobo, karo ketipungan, gitaran, dangdutan, sak iki wes gak ono.
23	Eh um, kan maksud e sesudah iku,,,,, seng iku mau kan sebelum ada niatan untuk terjun ke dunia ngapalno, nah selama itu kan ada peralihan dan ada perubahan dari sebelumnya to, nah selama iku kepiye???	Yo iku mau, dalam masa penghabisan umur,,, ngentekno umurku,,, setelah masuk pondok iku ancen tak nggo ngabdi karo kyaiku karo wong tuwoku, wes intine neng gene kono. Maksud e selain ngaji Qur'an lho sin, coro umurku tak entekno ning ndunyo yo tak nggo ngabdi ning wong tuwoku karo ngabdi ning kyaiku
24	Nek iku mau kan coro prinsip kan, lha nek seng dirasakno teko awak dewe piye?	Yo wes adoh a,,, dari segi kumpulan yo kumpulanku wes dewe, kumpulanku wes santri,, koyok kowe-kowe,,, cah sekolah, cah berpendidikan. Nek sakiki yo coro melek e bengi yo wes dewe. Nek biyen kan terus delok film koyok ngono kuwi, sampek ora iso ngdek aku. Biyen aku ndwe penyakit gak iso ngadek lho sin. Selama aku neng ndlangu pirang-pirang tahun iku aku ndwe penyakit ora iso ngadek, ora normal aku, gak iso ngadek. Aku waras,,, waras iso normal, iku corongono normal e malah karo bojone S**@*@n . maune aku mok delok i film, gak bakal aku ngadek, kok delok film, wong dicekel cah wedok ae lho coro aku dingin. Wes biasa, gak ndwe nefsu no piye,,,, lha piye,,, disek setiap hari coro esok neng sekolah mbi konco sekolah ae delok, nyewo CD sak Player e nyewo terus golek nggon. Lha seng nyuplai konco-koncoku Jakartanan ngono nek mulih gowo sak kerdus. Tapi apik e nek wes bar terus digecek ben wong liyo ben gak nyilah. Wes bar yo bar, nek pas mangkat Jakarta tuku maneh sak kerdus. Bendinooooo,,, sampe

		<i>gak iso ngadek, wes model kartun opo seng opo.</i>
25	<i>Iku wong perantauan kabeh ta um? Gak do sekolah?</i>	<i>Iyo roto-roto perantauan, tapi yo ono seng lulusan SMA. Neng kene sekolahan Madrasah iku gak payu. Coro wong kene nek sekolah neng Madrasah yo paling-paling dadi moden. Neng kene kan sekolah didadekno dalam golek kerjaan kan. Mek aku thok seng neng Madrasah. Coro wong kene sekolah madrasah iku, bocah seng sekolah neng madrasah yo bocah seng paling empreh, empreh iku seng paling rendah. Seng diburu roto-roti STM opo SMK.</i>
26	<i>Kok gak nyoba neng SMA um?</i>	<i>Wes didftarno kangaku pas iku, neng SMA 1 wong NEM ku 3,6 kok Tayu. Ketempo, tapi mbokku gak oleh.</i>
27	<i>Hebat berarti y, kan nem iku 40 paling apik.</i>	<i>Iyo leh wong wes ditempo.</i>
28	<i>Lha iku um, pas malem kuwi lho,, pas digawakne arit iku kacek e karo pas ape mondok iku adoh g?</i>	<i>Yoooo,, sekitaaar satu tahun lah,, yo sekitar enam bulan lah,</i>
29	<i>Pas kuwi wes lulus teko Salafiyyah eh teko sekolahan PRIMA?</i>	<i>Pas jaman iku,, iyo wes lulus.</i>
30	<i>Dadi setelah mlebu neng ndlangu iku dari pergaulan dari kehidupan wes berbeda jauh yo um?</i>	<i>Heem, tapi awal-awal e neng ndlangu ijeh aku. Penyakitku neng omah ijeh aku. Itungan e cah anyar es wani ngono iku aku. Kumpulanku cah ndeso seng cah nakal maune.</i>
31	<i>Coro nakal e lapo wae iku um?</i>	<i>Podo wae a,, senengane do delok ngono kuwi mau karo do ngombe a.Kholil, Saridin, karo sopo leh,, cah lor an anak e bakul pitik seng keno penyakit beri-beri awak e guedi lho lik. (Mas'ad) yo Mas'ad. Terus cimpleng.</i>
32	<i>Pas ngombe melu rono bareng?</i>	<i>Heem ah,,</i>
33	<i>Neng ndi pas iku um?</i>	<i>Neng omah e Saridin ah,, delok tv yo delok ngono iku barang.</i>
34	<i>Berarti biasane dolan neng omah e Saridin yo?</i>	<i>Heem ah, karo Almarhum T@# Y@#%</i>

35	<i>Kok iso kenal kono iku awal e piye um?</i>	<i>Seng ngenalno Almarhum T@# Y@#% ngono kok. Gak usah gowo jeneng e wong seng wes ora ono ah, ben dadi jembar lan padang kubur e.</i>
36	<i>Berarti wes berbeda jauh lah ya,, walaupun pada awal e masih ada sedikit seperti itu.</i>	<i>Iyo awal-awal e iseh ngono. Tapi ketika wes diajar yai songko keseharian e ngajine, songko sifat e bapak dalam memberikan contoh kan iso berubah.</i>
37	<i>Salah satu sifat e bapak yang samean contoh iku apa?</i>	<i>Seng paling tak ikuni kuwi, bapak dalam mendidik bocah iku memberikan contoh. Ora ngandani karo pengendalian ngono lho. Jadi setiap bapak ngutus mesti bapak wes nandangi disek.. Misal e bapak ngutus nyapu ya bapak wes nyontoni. Coro istilah kasar e ngono lho. Karo bapak iki menjadikan segala sesuatu iku iso dadi manfaat kanggo wong liyo, ora kanggo manfaat kanggo awak e dewe. Koyok bapak neng sawah nyirami lombok yo kuwi mau selain niat olahraga yo ben iso dadi manfaat kanggo wong liyo.</i>
38	<i>Nah sakiki motivasi ben semangat terus selain motivasi dasar iku mau seng kepengen koyok uut, iku opo um?</i>	<i>Motivasine iki a? Yo mungkin iku mau selain ngibadah teko atine dewe, yo sak isa-isane,, mboh ben moco Qur'an enteng neng lambe. Selain iku yo teko cewek mbarang.</i>
39	<i>Cewek? Kok iso teko cewek?</i>	<i>Cah-cah biyen mayoritas cah ndlangu roto-roto ngono, "ndang khatam ah, ndang kawen kok" Iku wes roto-roto iku, angger muk takok i yo jawaban e ngono. Tapi kadang yo semangat e gak ngono terus kok...</i>
40	<i>Heem ancen molah maleh,,</i>	<i>Iyo wong kowe yo wes nglakoni dewe kok.</i>
41	<i>Terus sakiki balik maneh, motivasi menduasar ngapalno kuwi opo um?</i>	<i>Iyo kan pertama kabeh wong kan ndwe hidayah dewe-dewe kan. Carane Gusti Allah nglebokno kan dewe-dewe. Pertama iku mau diilingno wong tuwo terus hidayah masalah Qur'an iku mau nduwe keinginan kepingin teko kancane mau.</i>

		<i>Konco sekolah iku mau ngapalno terus kepengen ngapalno.</i>
42	<i>Nek ambek hadits-hadits seng ngomongke nek wong ngapalno qur'an kuwi oleh ngene-ngene piye um? Percoyo gak?</i>	<i>Percoyo ah, iku kan termasuk motivasi a sin. Coro seng pertama kan aku yo ngerti keluargaku iku koyok ngene, ngibadah yo wes koyok ngene lah. Yo pengenku yo koyok hadits iku mau ah, nek wong seng ngapalno iku iso ngekeki syafaat neng wong tuwone, karo dulur e sepuluh nek gak salah, sk ilingku lho. Yo pengen dadi menuso seng apik, cerak karo ning Gusti Allah, akhir-akhir e tetep tekan kono balik e, mesti awal e gak teko kono, gak mungkin awal e teko kono niat e. Nek nduwe niat pengen cerak karo Pengeran, apik ning Pengeran. Iku metune nek pas neng tengah-tengah. Kadang kan ono seng teko paksaan wong tuwo kan,,,</i>
43	<i>Iku koyok aku malah um,,,,,he</i>	<i>Iyo nek kowe kan gak reti opo-opo masalah e kan. Angger dipekso mondok ngono. Nek aku keinginan e memang teko koncoku maeng, sering dikandani nek wong ngapalno Qur'an iku ngene-ngene.</i>
44	<i>Berarti karo Uut mau termasuk dueket banget y, konco plek ya um?</i>	<i>Biyen iku konco pol plek iku cah limo, tapi seng ngapalno Qur'an mek Uut tok iku mau.</i>
45	<i>Cah limo iku sopo ae um?</i>	<i>Akeh a., Suprehan, Fakhruddin iku Uut, Asrohul Khotim, Syaifuddin cah Demak. Iku ya cedek kabeh, tapi wes ilang kontak e, seng ijek yo karo Asrof, karo Suprehan.</i>
46	<i>Lha mau terus nemukno ndlangu mau?</i>	<i>Heeh,, nemukno neng ndlangu y kuwi mau,, ndelok keadaan ekonomi keluarga, kan karek single parent, makane pengen golek pondok seng gak mberatno keluarga. ternyata malah nemukno pondok seng neng kono gak ditarik biaya. Selain iku yo pengasuh e nang kono yo jelas, jelas</i>

		<i>sanad e teko wong-wong seng alim. Teko Mbah Dollah Salam.</i>
47	<i>Bapak ngapalnoe neng Mbah Dollah Salam ya um?</i>	<i>Iyo a,,</i>
48	<i>Coro biyen pas pertama mondok neng Ndlangu, model e piye um?</i>	<i>Model e? Aku yo gak paham opo-opo a,, coro aku yo iso moco Qur'an yo wes piro-piro, aku iso moco Qur'an yo keronu aku sekolah madrasah ngono ae. Aku nek gak sekolah madrasah menowo aku yo gak iso moco Qur'an.</i>
49	<i>Opo wes ono kerjone pas kuwi um?</i>	<i>Wes ono a.. ngisi minyak jaman semono.</i>
50	<i>Ooh,, Biyen iku opo kerjone um?</i>	<i>Yo nyapu karo ngisi minyak tok a, Awal iku,, lha mulane cah disek ape nganuni bocah sakiki yo tak nganu,, tak welehno,,, "kowe iso nganu jaman semene, koyok Njubed kan nyalahno bocah sakiki do keset ngaji, do ra iso ngaji, do ra ndang bar-bar. Sakiki ngene lho kang njubed, nek kowe mikirem ngono, kowe jajal a nglakoni penggawean e cah sakiki nek jamanem. Wong jamanem uripem posa-poso, nek esok nyapu, sedino ndueres ngasek sore ngko sore nyapu meneh, awan ngisi minyak yo seng ngisi aku karo Amin karo Zaeini. Esaaah,,eeh,, ndek e a urip e mek ndereees,,nek mesjid turaaa gempluntung panggon e yo aku ijeh ileng nek nggon e ngisor soko iku. (ngisor soko cor)" Ono kancane do madung ndekne yo ra tau melu madung,, madung kayu jaman biyen karo Yi Man ngono nggo kayu he'e aa,, gak tau. Alung Cliboe ijeh nganu,,</i>
51	<i>Lha iku pas jaman ono selain minyak iku opo disek um?</i>	<i>Endog sek a,,</i>
52	<i>Ileng gak tahun piro iku um?</i>	<i>Eh,, bar minyak gak onok terus gas a,, Bar gas yo terus endog,</i>
53	<i>Tahun piro yo iku um?</i>	<i>Karek kowe delok a,, minyak digenti gas tahun piro.</i>

		<i>SBY pertama kali dadi presiden karo JK a.</i>
54	<i>Lha saeman tekan pondok tahun piro?</i>	<i>Yo lali,, 2004 mboh 2005. Eh, sak durung e gas iku yai wes goreng krupuk e yo,, Yo berarti disek krupuk e yo. Terus lagi endog. (ono ager-ager iku lho pertama, karo pak sopo leh iko??) Karo pak Pa'at. Tapi jelly iko gak mlaku kok. Genti krupuk lagek iku ono endog. Yo iku sin kesalahanku iku, jane angger awal-awal bapak nganakno opo iku tak catet kok. Koyok gawe kandang wedus, gawe opo,, asline iku perlu kok. Gawe sejarah. Pertama kali aku ndwe wedus, tuku wedus iku tanggal,, tanggal 13 Januari. Rongewu,, tahun wingi,, wes setahun iki a, berarti rongewu limolas.</i>
55	<i>Balek neng gene minyak karo nganu mau, berarti mau krupuk sek yo?</i>	<i>Krupuk iku tahun piro yo,, waduh iku seng angel iku sin. Iku nek diskripsikno ngasek iku,, krupuk sapi mbarang lho seng marai. Sapi gak nganu.</i>
56	<i>Endog sek a um iku,,</i>	<i>Iyo endog sek, endog kan terus ijeh karo sapi.</i>
57	<i>Terus jagung iku opo leh?</i>	<i>Pop corn a? Iku tahun piro leh,, anyar-anyar e HP ne Kusen iku tahun piro leh, anyar-anyar e pop corn karo jelly kan pas jaman e Kusen nduwe HP putih abang kan. Terus digowo Pak Pa'at gak mbalek. Nokia,,songo pitunan nowo, iyo a lek? (rongewu pitu ngono) iyo rongewu pitu. Aku muleh iku tahun piro leh,,aku muleh setahun lho,, iku kan sapinan iku,, (kowe balik iku tahun piro?) rongewu wolu mboh rongewu songo. (rongewu songo). Heeh rongewu songo aku balik ketok e, aku balik kan terus Amin boyong a.</i>
58	<i>Pas jaman kang Amin iku wes ono krupuk a?</i>	<i>Wes ono a, wong ndekne tau jungkir mbarang kok. Iko kan pas ngeterno</i>

		<i>krupuk kan. Amin biyen endog an karo pak Tamam. Terus ndekne jungkir neng nggene Pamotan a.</i>
59	<i>Oalahh,, iyo re. Yo pun um, wes wengi iki sesok- sesok dilanjut meneh ya,,,</i>	<i>Ok wik, piye turu kenenopo do mulih iki,, (mulih ah)</i>
60	<i>Oke wes,</i>	<i>Kowe seng ngarepi ya, aku ngantuk e.</i>
61	<i>Oke um, siap. Tapi gugahi emak em yo,,</i>	<i>Yo gak po-po kok.</i>



Wawancara B3 (Selasa, 22 Maret 2016)

Tempat : Tambak

Waktu : 14.15 WIB

No	Peneliti	Subyek
1	<i>Alhamdulillah,,, enak yo um panggon e.</i>	<i>Heem leh, aku biasane nek angon yo nek kene.</i>
2	<i>Oh iyo langsung dimulai ae ah ya,,, Nko lagek njagong-njagong liyane ben kepenak.</i>	<i>Heem malah apek ngono.</i>
3	<i>Ehmm,,coro disek ambek sakiki kan wes bedo, semenjak kerjaan sakiki serondok akeh samena ndwe nggak strategi-strategi khusus kanggo ngaji, mbuh nderes e piye ta opo ngono,, iki kanggo pribadi dewe lho um.</i>	<i>Nek aku pribadiku yo ancen ngeniki, yo iki nek pas neng sawah, pas angon. Iku karo nderes. Nderes e seng karo latian bekerja, nderes seng karo mergawe iku istilah e nderes seng kecekel-kecekel, seng wes lanyah lah. Nek ketika kita tengok-tengok iku nderes e dienggo dandan opo tambahan. Nek metode ko aku dewe ngono, kadang aku gowo Qur'an cilik. Kadang Koyok cah pasaran yo ngono, hp ne do diiseni Qur'an terus gowo headset. Kan nek nderes gowo motor gak enak. Hp ne cah pasaran kan hp musikan kabeh, yo nek misal e pas mepet ape ngaji Isya', posisi njujak ngono ben siap. Koyok Wanto, Taris kan do ngono. Yo nek jenuh digawe musikan, tapi kan akeh digawe nderes headset an. Nek yai yo ngendikan e ngene "nek kowe gatekno kesel yo kesel terus, gatekno bileng yo bileng terus, nek gatekno ngantuk yo ngantuk terus. Hemmm,,, kudune yo iku mau syarat e siji dalam kondisi keadaan apapun nderes iku dipekso, ora iso,,, nek ko kemauan e dewe, dalan e yo iku mau dalan e hidayah, nek pengen dari sebuah teko awak e dewe yo iku mau dipekso, nek yai yo iku mau nek ngantuk yo dipekso nderes, nek kesel yo dipekso nderes, nek bileng yo dipekso, nek bileng dijeblokno tembok dak wes,," yai malah ngono,hehe</i>

4	<i>Kapan ngendikan ngono um? Opo teko sopo iu?</i>	<i>Pas neng angkruk, pas bocah-bocah ora ono do ngaji pas keselen. Ono seng ngantok ono seng keselen. Terus iku mau “gatekno ngantuk yo ngantok terus, kesel kesel terus, nek ngaji yo kudune dipekso, alung istiqomah. Ra senajan nderes diwoco yo gak po-po. Ra ketang sesasi khatam peng telu, sedino iku telong juz, iku minimal” iku coro yai sesasi khatam peng pisan peng pindo yo ilang, “mlebat kang, nek sesasi sak khataman opo rong khataman”</i>
5	<i>Nek sakiki samean dewe piye um? Target dewe.</i>	<i>Nek aku,, telong juz. Kadang yo gak kecekel, nek iku yo seng penting aku sedino harus nderes. Ra ketang sejuz.</i>
6	<i>Sakiki wes karek ndandani tok yo um?</i>	<i>Gak ah,, ndandani ndandani kabeh ah.</i>
7	<i>Iki mau kan masalah target, lha nek selama iki seng garai semangat ilang opo garai nderes angel opo?</i>	<i>Onok a, seng paling dominan iku mau HP terus TV. Nomer siji HP, nomer loro TV terus nomer telu iku mau PS. Kendalane cah pondok lho,, tapi nek PS kan nek ndwe duwek.</i>
8	<i>Iki kanggo samean dewe lho,,</i>	<i>Heem, nak aku dewe yo iku mau TV ambek HP. Iku mau ganggu neng aku dewe. Mboh telponan, mboh facebookan.</i>
9	<i>Nek pane karo konco-konco piye um?</i>	<i>Nek aku ambek bocah-bocah yo mbangunku koyo sistem kekeluargaan.kowe yo tau suwe kumpul karo aku, yo paham aku to. Koyok biyen aku jaman GEP karo Cliboe sampek ngono aku yo ngalahi,, kowe yo ra tau reti kan aku ndwe masalah karo wong. Nek karo cah-cah sakiki yo gak tau blas. Bocah-bocah yo gak wani ambek aku, aku kan gede dewe a neng pondok.</i>
10	<i>Lha seng sampek ganggu ngaji ono opo gak um? Seng dadekne ngaji males,</i>	<i>Nek seng gawe aku males nderes yo iku mau, masalah karo keluargaku iku. Kowe reti dewe kan? Emakku yo wes sepuh, usiaku yo wes semene. Kuatir e emakku kan ora dengangi aku omah-omah. Yo wes karo wong tuoku iku a, emakku kan pengen e aku ndang</i>

		<i>neng omah. Nek internal pondok, gak ono. Pak yai tek bu An, gak tau nyentok aku.</i>
11	<i>Lha wingi jare sempet purek wingi?</i>	<i>Lha iku kan gak masalah ngaji a,, iku masalah kerjaan.</i>
12	<i>Lha nek karo pacar-pacar ngono?</i>	<i>Nek karo pacar kan nek telponan an,, Nek wong telponan nek karo pacar, wes jelas wektu, pokok e nek ketika pas gak sibuk, delalah e alhamdulillah iku ndekne sibuk dewe, nduwe tanggungan dewe. Dadine iku terus juaraaang a aku telponan. Dadine pas dino jumat opo pas dino libur pas jaman ndekne neng pondok. Kan aku yo podo wae gak tau nganggor, kowe yo reti dewe.</i>
13	<i>Lha nek misal e di presentase, dari semua masalah iku mau seng paling akeh efek e iku mau seng teko keluarga iku mau?</i>	<i>Iyo, kadang iku pas nderes ono telpon teko emakku, ngko ngomong nek kesehatan e kurang kan terus dadekne gak konsentrasi a sin. Coro aku kan nduwe tanggungan kan, ngrumati Qur'an, satu sisi iku aku harus birrul walidain kok, meneh-meneh iku emakku dewe. Makane dadi gejala neng pikirku, neng atiku dewe a sin. Makane kadang aku mulah-mulih, lha mulah-muleh dewe iku kan wes ngentekno waktu piro a. Wektu piro seng wes tak ilangno a.</i>
14	<i>Punya pengalaman gak um selama seng ati,, mboh mimpi dipetuki sopo ngono.</i>	<i>Gak pernah aku nek pengalaman ngono kuwi. Kowe malah seng tau mimpi.</i>
15	<i>Mimpi opo?</i>	<i>Ketemu Mbah Mutamakkin peng pitu,,</i>
16	<i>Lho oraaaaa,, kapan aku cerito ngono??</i>	<i>Iyooo,, tau. Kowe cerito dewe. Ketemu Mbah Mutamakkin, pas kowe ape kuliah mboh pas nduwe masalah ambek Hajar mboh ibuem, mboh masalah ape kuliah opo gak iku. Tau pokok e, ojo ceroto sopo-sopo pokok e.</i>
17	<i>Oraaa um, gak tau,,, iku masalah ape kuliah yo aku ketemu bapak.</i>	<i>Terus kowe leren setaun a,</i>
18	<i>Rong taun a,,</i>	<i>Eh iyo rong taun, pas iku kayane.</i>

19	<i>Lha iki coro biasane kan wong iku ape ngapalno terus ditirakati. Samean pernah gak selama iki?</i>	<i>Tau, aku tau dalail. Njubed kan disek dalail, eh aku Dawud leh. Njubed kan dalail, nek aku dawud, Cloboe yo dawud. Terus ketuduk bapak, pas diajak ngaji neng pak kaji, Kaji Rasmito. Disek kan seng diajak ngaji kan cah limo. Dikei daharan, seng gak mangan aku tok, aku wes alasan gak doyan iwak e, tetep digorengne tempe, iu ijeh moh, seng bapak, "lho kok gak mangan?" aku kondo poso.</i>
20	<i>Terus piye? Bapak ngendikan opo?</i>	<i>Yo ra lah poso.</i>
21	<i>Terus seketika iku kok batalno?</i>	<i>Iyo, terus cerito nek jaman disek mbah Dollah yo gak tau poso.</i>
22	<i>Kenopo um?</i>	<i>Mboh gak cerito kok, jarene ganggu Qur'an malah.</i>
23	<i>Cliboe gak ketuduk berarti?</i>	<i>Nggak, Kang Njubed yo ketuduk pas jukuk sauran, tapi tetep diterusno.</i>
24	<i>Lha nek amalan liyane um? Koyok wiridan tau gak?</i>	<i>Gak ono,</i>
25	<i>Nek pengalaman mislanya petunjuk, misal e ngilingno kon nderes lah. Tau gak?</i>	<i>Nek diilingno pak yai tau aku, sering malah, didukani, dikon nderes. (salaman) podooo?? Podo berarti?? Hehehe</i>
26	<i>Iyooo,hehehe aku pas neng Malang malah re,,, pernah aku diilengno. Lha nek iki um, kesulitan opo ae um selama iki seng samean alami? Kan biasane cah Qur'an ngaji peng telu sedino terus bar iku nderes, lha iki kan bedo, nek pondok iki kan nek bar ngaji moro sawah, angon wedus, neng pasar, terus nyelep, terus mepe krupuk. Seng samean rasakan piye?</i>	<i>Kesulitan e iki memaksimalkan nderes. Selama kita ndwe target, sedino semene kadang gak kecandak. Terus wektu gawe dandan yo rondok kangelan. Meskipun awak dewe mau nduwe strategi mau, pas mergawe karo nderes seng wes nyentel neng gene utek mau, kadang kan karo mlaku kan iso, juz ngisor-ngisor kan karo opo wae iso a, kseulitan e iku mau, mboh target nambah mboh target dandan. Kentekan wektu lah istilah, keterak ngaji isya', keterak istirahat, terus iku mau ono HP, TV. Yo iku mau lah. Karek bocah e ngatur wektu, kowe yo ngerti dewe lah, kowe yo tau ngalami, urip neng angkruk pirang-pirang taun kok. Koyok kak Wa biyen kadang curhat, keseeel, (kesel deee), keseeel, terus aplang-aplang.</i>

27	<i>Berarti ono perbedaan yo? Biyen ambek sakiki.</i>	<i>Nek aku mengalami yo, selama aku mondok neng ndlangu duabelas tahun iki sin. Rolas menowo aku..</i>
28	<i>Sewelas a, biyen tau muleh setaun kok,</i>	<i>Heem ree,, iku aku mengalami tiga periode. Seng periode pertama, iku balane kang Njubed, Amin, Moktar, aku. Penggawean iku hanya nyapu ambek ngisi minyak, bar iku ndueres. Angger bar bedog bar jumatatan iku ngisi minyak.</i>
29	<i>Makani pitek,,,</i>	<i>Durung a, pitik iku seng makani aku kok, pitik karo bebek kan aku ambek mbak fitri.</i>
30	<i>Ono a umm, biyen emakku nek rono sering cerito iku,, ono tapi sitik</i>	<i>Mbuh yo nek iku,,</i>
31	<i>Terus periode kedua piye?</i>	<i>Periode kdua iku ono endog, ono krupuk karo sapi.</i>
32	<i>Nyelep?</i>	<i>Nyelep bar sapi, sapi berlangsung satu tahun. Aku boyong iku bapak tumbas sapi, aku balik sapine do bongko. Heheheh Periode paling abot iku pas periode iki,</i>
33	<i>Kenopo um?</i>	<i>penggawean iku akeh, seng gede sitik. Koyok kuwe karo Ubed kan iseh do sekolah. Seng gede sitik, penggawean akeh, tapi keuntungan e bocah gede-gede iku do kompak, semangat kabeh terus ngerti penggawean e dewe-dewe. Koyok aku, Kusen, Amin, Moktar, iku semangat etos kerjane tinggi kabeh lah corongono. Nek periode ketiga iki pekerjaan gak petek akeh, coro goreng seminggu peng pindo. Nek jaman biyeen, iku bendinooo goreng e uakeeeeh,, jumlah e gede sak wakeh-wakeh. Esok goreng, sore nyelep, esok goreng sore nyelep.</i>
34	<i>Oh iyoo, aku yo melok..hehehe sampek kueker ngene.</i>	<i>Seng nyelep kan iku seng ngrintis kan aku ambek kowe tok a,, seng iso ngulet kan kowe karo aku. koyok Cliboe kan karek nerosno a,, durung do toto.</i>
35	<i>Iyo ancen,, aku biyen yo bingung, pas kowe muleh aku seng diluru e,, aku gak iso</i>	<i>Lha iyo, kowe kan ngerti dewe a,,</i>

	<i>ngulet kok. Tapi yo nyatane kok iso,hehehe</i>	
36	<i>Ya pun um,, suwun ya. Iku ono Fadli wes teko.</i>	<i>Oke-oke suante.....</i>



Wawancara

Solihul Hadi

No.	Peneliti	Subyek
1	<i>Assalamu alaikum</i>	<i>Waalaiikum salam warahmah....</i>
2	<i>Pripun mbah, pun siap kan?</i>	<i>Iya mbah, piye-piye siap iki...</i>
3	<i>Ngene mbah, tolong ceritakan awal samean kok bisa mondok neng ndilangu?</i>	<i>Iku, emmmmm,, gen duowuu tah rondok singkat?</i>
4	<i>Gen duowuuu yo gak popo, angger ojo sedino sewengi mbah,,</i>	<i>Hehehehehe Ngko dak ngeleh,,</i>
5	<i>Hahahahaha....</i>	<i>Hehehe Ngene, mulai teko bar sekolah ya, Aku wes bar sekolah jane pengen mondok iku wes suwi mbah. Aku bar sekolah iku leren neng omah iku ono nek sekitar empat tahunan, bar teko MTs iku lho ya,, Neng desaku kan ono alumni kene, kak Syukur.</i>
6	<i>Ooh,, kang Syukur ya?</i>	<i>Heem mbah. Terus aku akhir e aku mondok neng kene lewat iku mau. Dino Senin aku kan sowan terus Rebo iku aku rene. Lha bareng ngono, seng jeneng e cah anyar kan ileng omah kan ya, yo nangis barang. Padahal wes gede dak yo a.... Lha bareng ngono, bareng wes gak iso diempet e. Dino Minggu iku aku muleh.</i>
7	<i>Berarti gak ono seminggu mbah?</i>	<i>Iyo, kan dino Rebo aku rene terus Minggune aku mulih. Lha aku pamitan karo Suradi, pamitku iku ngene, kan aku rene nggowo pakaian akeh, rong kerdus. Lha aku mulih iku tak gowo sak kerdus, terus aku ngomong neng Suradi, “Di,, sok nek aku ogak balik, sok kerdus klambiku gawakno mulih yoo” Lha terus aku tekan omah, aku malah ditangisi lek-lekku mbi mbak-mbakyuku kabeh.</i>
8	<i>Lha lapo kok ditangisi?</i>	<i>Lha aku nek pengen mondok temenan kok malah mulih. Wes paham?</i>

9	<i>Mpun,,mpun mbah.</i>	<i>Lha bareng ngono aku kan jane ape muni gak kerasan, bareng wes ditangisi iku maeng aku terus berubah pikiran nek tak pikir. Terus aku muni ngene, “sesok aku balik lek” kan ogak tego a nek ape muni gak kerasan, ngko nek malah nangis luwih banter meneh terus piye, malah geluntungan. Lha terus aku senin iku balik.</i>
10	<i>Sedino thok berarti mbah?</i>	<i>He’e. Kan aku mulih dino minggu to, terus alasan nggowo mulih pakaian, kakean. Terus gang seminggu mbakyuku rene nang pondok. Mbakyuku malah diedonno neng gapuro Tlutup. Terus mbakyuku tangklet ndalem e yi Bad. Pas iku delalah pak yai karo ibu iku neng angkruk sanding e mbak nik iku lho. Lha mbakyuku delalah takon pak yai, kan gak reti nek iku pak yai. “ape lapo leh mbak?” “ajeng e kepanggeh adek e kulo, Sholihul Hadi” “ooh, iku lho neng kono. Neng pertukangan” Kan pas iku lagek dandani kas buah digawe kas endog mbah. Terus aku dikei banyu sak gelas, omben-omben teko yaiku ben betah mondok. Sakiki malah saking betah e malah gak tau mulih. wong bodo-bodo ae malah gak mulih kok</i>
11	<i>Iyo re, samean mulih e telat terus.</i>	<i>He’em, ditakokne bapakku terus.</i>
12	<i>Terus biyen mondok kenopo mbah, pengen mondok opo jane?</i>	<i>Aku biyen yo ancen pengen mondok Qur’an.</i>
13	<i>Ngapalno yo?</i>	<i>He’em,,</i>
14	<i>Kenopo kok pengen ngapalno mbah?</i>	<i>Disek iku yo pengen e teko njero ati, dadine yo nggak bisa dijelasno ngono.</i>
15	<i>Opo teko koncone? Opo dulur e?</i>	<i>Nek biyen kan sak dulurku gak ono seng ngapalno, biyen tapi. Aku kan ndwe krekatan dewe. Aku ngaji neng Garang. Terus aku ditangkleti pak yai kono, “samean nduwe karep ngapalne a?” yo tak jawab nggeh. Nek gak ditangkleti yo gak tak jawab.</i>

		<i>Terus gang sediluk kak Syukur cerito iku mau, terus aku sowan karo kak Syukur iku mau.</i>
16	<i>Terus kok milih neng ndlangu mbah? Kok ora neng Rembang ora neng Kudus?</i>	<i>Emmmm, kan disek ngene coro neng kene kan pondok e gratis lah istilah e ngono. Malah neng kenen ono mergawenen mbarang. Kan nek dipiker-piker kan nek bar neng kene iso ngaji yo iso mergawe.</i>
17	<i>Samean rono pertama iku wes ono penggawean yo mbah?</i>	<i>Wes ono a,, ono minyak, endog, ono sapi. Lha aku kan rene Rebo terus malem Kemis e iku aku ngeduno endog iku sak trek. Bareng ngono akukan,,, seng jeneng e cah anyar kan gak ngerti celah e genjong endog. Pas kui kan endog iseh neng njero ndalem. Terus aku nyeblokno endog neng njero ndalem. Aku kan wedii,, tapi pas iku aku di kandani kang Lisin.</i>
18	<i>Lisin Cliboe kan?</i>	<i>He'em.</i>
19	<i>Samean mpun khatam a mbah?</i>	<i>Yo pangestune mawon ah,,</i>
20	<i>alhamdulillah</i>	<i>Tapi yo iseh durung mlaku...hehe</i>
21	<i>Nah sakiki ngene mbah, sakiki ono perbedaan nggak antarane wes mlebu pondok karo durung?</i>	<i>Yo ono leh, nek biyen kan macane iseh grotal gratul, nek sakiki yo alhamdulillah rondok lancar lah. Durung iso ngaji tapi yo iso moco sitek-sitek.</i>
22	<i>Eh samean masuk pondok iku tahun piro mbah?</i>	<i>Iku,,, dua ribuuuuu,,, dua ribu tujuh tapi akhir. Desember mboh November.</i>
23	<i>Pas neng kono iku samena kaget nggak karo ngajine?</i>	<i>Pertama kali ngaji? Pertama yo nderedek, nek ndelok wajah e pak yai kan sangar, makane wedi. Kan juga gak tau adep-adepan karo pak yai. Dadine nderedek.</i>
24	<i>Terus pas jaman semono samean ono kesulitan-kesulitan nggak ngajine?</i>	<i>Ono a mbah, pas ikuuuu.. pas pertama ya. Pas pertama yo biyen kan iseh kososngan, dadine hawane kaget ngono lho.</i>
25	<i>Nek neng Garang iku durung yo?</i>	<i>Durung, cuman ngaji bin-nadhhor thok.</i>
26	<i>Lha samean nduwe strategi nggak?</i>	<i>Nek strategine kan ngene angger tak woco bolak balik. Sak rai iku peng telu kadang peng papat. Nah bareng peng telu peng papat iku terus tak apalne sak ayat. Nek sak ayat durung kecekel yo tak bolan baline neh. Nek wes kecekel lagi nambah maneh.</i>

27	<i>Lha samena kaget nggak, biasane kan nek pondok ngapalno kan cuman ngaji nderes, setoran. Tapi neng kono kan ono kerjane ono ngajine?</i>	<i>Nek kangelane yo gak kangelan seh, kan kangelane wes kalah karo kulino. Kan wes nuwe tanggungan ambek durung kan dewe to. Terus nek tiap hari dilakoni terus kan dadi kulino terus dadi biasa to.</i>
28	<i>Samean kaget gak ono gawean ngono kuwi?</i>	<i>Nek menurut aku yo gak kaget wong neng omah wes mergawe berat.</i>
29	<i>Mergawe opo mbah?</i>	<i>Mergawe ngedos ngaret ngeniku ta,, Nek neng kene kaget e kan durung kulino ngangkat endog to. Tapi nek mung ngangkat endog limolas kilo kan yo enteng tah.</i>
30	<i>Terus nek dalam keseharian e samean dalam menjalani ngapalno kuwi, semangat munggah medun e perkoro opo mbah?</i>	<i>Nek pas aku gak semangat iku pas sedinoooo iku gak leren blas. Mboh pas belonjo mboh lah opo. Iku kan kalah karo ngantok. Nek gak ngantok yo semangat. Intine sedino yo kudune ono turune. Nek gak turu terus bengine ngelu.</i>
31	<i>Biasane nek gak semangat terus samean piye?</i>	<i>Yo tak enggo turu sek. Nko nek tangi kan awak rondok seger, terus dadi semangat meneh. Ora ketang nambah sak ayat rong ayat kan ono semangat e.</i>
32	<i>Nek teko lingkungan mbah? Misal e keluarga, pak yai, konco, opo pacar ngono.</i>	<i>Nek masalah gak semangat iku pas opo ya,,, yo ngunu kui ah cah enom. Cobaan e disek iku cewek, seng jeneng e hubungan karo cewek iku mau yo pas lagi bengkok iku mau ah, marai males.</i>
33	<i>Nek liyane mbah? Seng paling akeh cobane opo mbah?</i>	<i>HP</i>
34	<i>Kenopo mbah?</i>	<i>Nek disek kan pas iseh anyar-anyar e HP kan iseh durung iso ngendalikno. Nek sakiki y insyallah wes iso lah. Nek disek kan istilah e iku golek koncooo ae. Terus nek wes nduwe konco cewek kan mbawut sms an e.</i>
35	<i>Nek ambek konco gak ono pengaruh opo-opo ya?</i>	<i>Gak ono, walaupun bendino digasaki. Seng jeneng e konco kan ngono a.</i>
36	<i>Lha iki mbah nek dibandingno antarane HP ambek cewek terus keluarga opo pak yai seng akeh piye mbah?</i>	<i>Seng paling akeh iku cewek, soal e nek lagi kebayang karo cewek iku marai males ngajine. Nek wong tuwo malah marai semangat, nek pak yai yo podo ae nambahi semangat. Misal e gugah i nek fajar. Nek marai males yo cewek iku maeng.</i>

37	<i>Lha pas samean ngapalno iku samean nduwe usaha spiritual gak? Mboh wiridan mboh poso ngono.</i>	<i>Ono, disek aku iseh kereb poso Senen Kemis. Terus biyen pas jaman iseh anyaran yo tau rutin sholat wengi barang. Nek wiridan yo tau, nek bar sholat diwoco. Opo nek ape nderes diwoco. Iku berjalan sekitar dua tahunan.</i>
38	<i>Samean pernah nggak mimpi mengenai ngaji.</i>	<i>Pernah, diimpeni pak yai dikongkon ngaji seng temenan. Angger posisi males iku bengine diimpeni.</i>
39	<i>Podo berarti mbah,,heheh</i>	<i>Kadang yo ngimpeni ibu.</i>
40	<i>Nek mbi ibu mbah?</i>	<i>Pas ibu iku cuman ngguyu thok.</i>
41	<i>Nek pengalaman masalah ngaji mbah?</i>	<i>Disek aku tau dikei solusi ambek kang-kang jaman biyen. "wong seng ngajine cepet iku gak iso tartil, nek ngajine tartil iku iso cepet"</i>
42	<i>Sopo iku seng ngandani ngono mbah?</i>	<i>Kang Amin.</i>
43	<i>Cara samean bagi wektu antarane nderes ambek ngaji piye mbah?</i>	<i>Nah iki seng angel jawaban e, aku jarang nderes hare. Kadang neng pasar opo pas perjalanan biasane iku ambek nderes sitek-sitek. Tapi yo nggak bendino. Terus bar ngaji subuh iku nderes terus turu, bar turu terus ngaji dhuha. Terus bar ngaji dhuha iku nimbangi endog terus neng pasar. Teko pasar ngenteni wektu dhuhur ngko bar dhuhur lagek nderes maneh sampe setengah telu lagek medun teko mesjid. Terus bar ashar gawe tambahan maneh, terus jam papat ngaret. Iku kegiatan sehari-hari.</i>
44	<i>Ono target nggak mbah? Mboh sedino iku pirang juz ngono.</i>	<i>Kadang umpomone nek lagi pikiran kepenak yo kadang limo. Nek pikiran rondok sumpek yo sak juz rong juz.</i>
45	<i>Tapi target e limo yo mbah?</i>	<i>He'em kepengen e target e limo, tapi posisine awak e kadang kesel. Dadine yo seng penting sedino ono nderes e.</i>
46	<i>Selama iki samean seng paling kangelan iku kesel opo piye mbah?</i>	<i>Perkoro nak masalah kesel iku gak pati ngaruh lah, seng ngaruh iku siji.</i>
47	<i>Opo mbah?</i>	<i>Ngantuk, nek poosisine wes kadong ngantok iku wes angel iku.</i>
48	<i>Diwoco yo ora iso mlebu ngono?</i>	<i>Langsung turu e,,,</i>

49	<i>Iyo obat e ancen iku re</i>	<i>Lha iyo,,, terus opo neh mbah?</i>
50	<i>Terus manfaat e mondok neng kono iku opo mbah?</i>	<i>Nak neng pondok iku istilah e kan nandur, mboh yo nek neng pondok iku ngewangi pak yai noto endog opo mergawe liyane. Istilah e besok nek wes boyong yo bakal ngundoh. Jawaban e singkat ya. “nek neng pondok nandur, nek neng omah ngundoh” dak iya a?</i>
51	<i>Nek masalah kerjo iku bermanfaat gak mbah?</i>	<i>Yo banget a mbah, nek biyen pas neng omah iku pengalamanku iku kurang mbah. Biyen isuk nyapu awan ngaret ngono thok. Alhamdulillah neng kene malah tambah pengalaman, pertama saget nyupir terus iso tekan Kudus, Semarang, Malang, Jeporo, Blora. Iku pengalaman teko mobil. Terus pengalaman dagang yo wes rondok menguasai. Terus potong rambut.</i>
52	<i>Nek seng samean cekel sakiki opo mbah?</i>	<i>Yo iku mau endog. Intine seng tak pentingno yo iku mau mergawe seng ngewangi pak yai. Nek koyok potong rambut iku mau kan wes pribadi dewe.</i>
53	<i>Jare seng wes khatam ono ngaji dewe nek bengi mbah?</i>	<i>Oh iku, tapi iku gak melu aku. Masalah e melek e iku dalu a. Aku gak kuat meleh jam semono. Nek seng liyane iku wes kulino melek wengi. Nek aku yo gak kuat. Terus iki ambek dandani sek mbah.</i>
54	<i>Alhamdulillah... yo mpun sek mbah ya matur suwun.</i>	<i>Aku sepurane lho yo nek penjelasan e kurang penak.</i>
55	<i>Aku seng sepurane we ganggu wektune samean. Assalamu alaikum</i>	<i>Gpp mbah, santai. Walaikum salam warahmatulloh wabarokah.</i>

Wawancara informan

Fitri Himawan

No.	Peneliti	Subyek
1	<i>Assalamu alaikum kak wa.</i>	<i>Walaikam salam sin,,,</i>
2	<i>Pripun kabar e kak wa, lagi laopo iki mau?</i>	<i>Alhamdulillah apik sin. Lha kowe piye? Aku mau bar ko Tluwuk kok sin,</i>
3	<i>Alhamdulillah aku yo apik kang. Lho sido ider neng Tluwuk kang?</i>	<i>Iyo sin, wah alhamdulillah payu akiih mau re neng desaem Tluwuk.</i>
4	<i>Wah iyo leh kak Wa,, neng kono cah cilik-cilik seneng dolenan ngono kuwi. Eh iyo kak Wa aku meh takon-takon sedelok iso kan?</i>	<i>Oh iyo sin, monggo.</i>
5	<i>Samean kan termasuk paling cedek biyen ambek Basuki. Basuki neng pondok iku piye re?</i>	<i>Basuki iku wong e sregep sin, paling sregep neng masalah mergawe neng kono. Soal e ndekne ancen pak e neng kerjaan kuwi. Koyok masalah bercocok tanam, ngurusi pitik, wedus. Ndekne iku wong e ulet nek masalah mergawe, soal e ndekne seneng tur nduwe pengalaman neng kono. Kan neng omah nduwe wedus biyen. Awit biyen sampek sakiki ndekne iseh dadi andalan e bu nyai kaleh pak yai dalam urusan penggawean neng pondok. Koyok ngrumati sawah seng ditandur jati, sengan, gedang, lombok kuwi yo seng ngrumati ndekne iku mau.</i>
6	<i>Lha nek masalah ngajine kak wa?</i>	<i>Nek masalah ngaji sak ngertiku yo iku mau sin, ndekne sering kalah karo awak e dewe. Koyok aku.hehehe Ndekne kurang iso mengatur waktu gawe nderes, kalah karo kesel e. Nek bengi paling jam songo iku wes mapan turu sampe subuh kadang.</i>
7	<i>Nek pas mergawe ngono gak disambi nderes a kak wa?</i>	<i>Iyo sin, tapi yo iku mau. Sering dilatih terus tapi yo akeh kalah e. Soal e emang kangelan sin. Tapi nek rumangsaku kok jarang, nek pas tenguk-tenguk ndekne umik-umik nderes yo aku tau ngerti.</i>

		<i>Ndekne iku dalam mergawe neng pondok dadi andalan, soal e paling iso tur roso.</i>
8	<i>Lha biasane Basuki sering mulih yo kak wa?</i>	<i>Iyo sin, soal e emak e neng omah dewean pun sepuh gak ono batur e. Biyen iku pernah emak e loro terus, sering dijelokne omben-ombenan. Malah ndekne yo tau mulih suwi, sekitar setahun malah, iku pas ono musibah kae omah e kebanjiran. Banjir bandang gede kae, makane sampe mulih suwi. Selain ngancani emak e yo karo dandan omah barang.</i>
9	<i>Konsentrasine Basuki iku akeh kepecah neng ndi ya kak wa selain nang ngaji?</i>	<i>Nang keluarga, pekerjaan ambek nang pacar e sin. Nang pekerjan iku mesti soal e iku wes dadi penggawean neng kene, ndekne saking sregep e sampe awak e keselen ngono. Nek neng pacar e iku wes biasa kan kang-kang kono. Ndekne kan pernah seneng wong terus keluarga seng cah wedok kurang setuju, terus iki seng ambek pacar seng anyar yo ngono sin. Padahal wes didodok lawang. Terus seng paling akih pengaruh e iku rumangsaku kok teko keluarga sin. Soal e emak e kan dewean trus neng keluargane yo sering ono masalah. Mbuh teko dulur-dulur e, mas-mas e, mbakyu-mbakyune. Iku seng gawe konsentrasi ngajine terpecah akeh.</i>
10	<i>Lha nek mbah Sohihul kak wa? Samean kan juga cedek neng ndekne?</i>	<i>Iyo sin, iku neng masalah kerjaan yo apik. Dasar e wong e emang teko omah iku wes kulino mergawe, neng sawah, ngaretno sapi. Ndekne tenagane yo roso. Tapi sayang e ndekne iku kalah e karo ngantok. Nek bengi paling banter jam song jam sepuluh yo wes mapan turu.</i>
11	<i>Nek ngajine kak wa?</i>	<i>Ngajine ndekne termasuk teratur sin, panggon e iku neng mesjid nderes e. Daripada Basuki dalam masalah nderes ndekne luwih iso ngatur. Biasane bar dhuhur iku nderes karo istirahat. Biasane mudun teko mesjid iku bar asharan.</i>

12	<i>Nek kendala-kendala seng ono neng mbah sholihul opo yo kak wa?</i>	<i>Yo iku mau ngantok, terus ndekne iku seneng sms an. Kenalan e cewek akih ndek e. Wong e meneng tur kalem tapi nek sms an mbawut.hahahahah Nek masalah ngajine mbah sho iku kangelan e nek pas nambah anyar sak ngertiku.</i>
13	<i>Lha keseharian e piye mbah sho?</i>	<i>Ndekne iku yo nek bar ngaji subuh iku neng mesjid. Mboh kadang turu kadang nderes. Terus mudun nek pas ngaji dhuha. Terus bar iku nimbangi endog, soal e ndekne bagian setor endog neng pasar. Terus bar teko pasar ndekne istirahat karo kadang tenguk-tenguk nek menowo dtimbali ibu diutus belonjo mboh dikongkon setor endog neng toko-toko. Bar dhuhur terus moro mesjid, nek sak ngertiku yo kadang nderes kadang turu. Sampe ashar, kadang nek ono wong ndeso ape potong rambut yo dilayani, kan bukak e mulai dhuhur sampe jam limonan. Wong e iku gak neko-neko, termasuk wong seng teratur waktune.</i>
14	<i>Oh iyo kak wa, samean ngerti gak asal usul e pondok iki?</i>	<i>Wah kurang begitu ngerti sin. Tapi sak ngertiku awal e anane pondok iki iku teko Mbah Dullah Salam gurune bapak. Pak yai diutus gawe pondok, istilah e dikongkon nyemak wong seng pengen ngapalno lah. Tapi dikongkon milih antarane pondok seng gratis karo pondok seng mbayar. Lha bapak milih seng gak bayar keronu podo-podo tirakat ibadah e yo milih seng angil. Terus mbah Dullah ngendikan “temenan lho ya, nek milih seng iku yo tak dongakne mugo-mugo hasil”</i>
15	<i>Iku samean jare sopo kak wa?</i>	<i>Jare bapak piyambak, pas aku sowan pertama kali bapak ngendikan masalah iku.</i>
16	<i>Oalah,, nggeh-nggeh kak wa. Yo pun disek kak wa ya, sepurane ngrepoti samean. Mugo-mugo sukses lek e dodolan iwak.</i>	<i>Amiiin,, Santai wae sin, aku sepurane infone cuman semono thok.</i>
17	<i>Yo pun kak wa ya,, Assalamu alaikum</i>	<i>Walaikum salam warohmatulloh wabarokah</i>

Lampiran III (Koding)

TRANSKIP WAWANCARA

Wawancara I, subyek I

Tempat : Via Telpon


Tanggal : 15 November 2016

Waktu : pkl. 20.05 WIB.

No.	Wawancara	Kode	Tema	Kategori
1	Assalamualaikum			
2	Waalaikum salam			
3	Sehat kan om?			
4	Alhamdulillah sehat wik, <i>lha kowe piye? ono opo wik kok bengi-bengi nelpon?</i>			
5	Alhamdulillah sehat om, gak ada apa-apa om. Cuman pengen tanya-tanya			
6	<i>Piye takok opo leh?</i>			
7	Iku lho masalah pondok <i>ndlangu. Yo koyok wawancara sithik lah,hehe</i>			
8	Oalah, siap-siap			
9	Ok sibp om,,			
10	<i>Gawe bahasa Indonesia yo wik?</i>			
11	<i>Kersane om, gawe ya gak po-po</i>			
12	<i>Yo wes leh nek ngono</i>			
13	Bagaimana model pembelajaran, misalnya mengaji dan kegiatan lain yang ada disana?			
14	Di pondok ini memang pondok afalan Qur'an. Tapi ya ada tambahan lagi, jadi selain mengaji disini juga diajari bekerja.	W1.B.14	Perbedaan dengan pondok hafalan Al Qur'an yang lain	Metode
15	Kemudian bagaimana keseharian di pondok saat ini? Mulai dari kegiatan mengajinya.			

16	<p>Sama seperti pondok yang lain, <i>sema'an</i> dan <i>setoran</i>. Kalau untuk jadwal setoran hafalan baru (<i>tambahan</i>) yang dilaksanakan setelah subuh, kemudian setoran hafalan yang telah dimiliki para santri (<i>deresan</i>) pada malam hari setelah jama'ah sholat Isya' dan pagi hari di waktu dhuha (sekitar jam 7 pagi) dan juga kajian kitab kuning pada pagi hari setelah setoran hafalan di jadwal ngaji dhuha dengan sistem <i>sorogan</i> (pengajian dengan metode santri membaca kitab kuning dan disemakkan langsung oleh seorang kyai atau guru). Pondok pesantren hafalan Al Quran ini memiliki konsep atau metode yang berbeda dari pondok pesantren hafalan Al Quran yang lain, semua santri memiliki kegiatan rutin yang dilakukan setelah aktifitas pengajian. Para santri dilatih untuk menjadi pribadi yang mandiri dan mampu bekerja ditengah kesibukannya sebagai santri penghafal Al Quran, mereka dilatih bekerja.</p>	<p>W1.B.16a</p> <p>W1.B.16b</p>	<p>Selain hafalan Qur'an juga ada kajian kitab kuning</p> <p>Perbedaan dengan pondok hafalan lain</p>	
17	<p>Apa saja kegiatan yang dijalankan disana selain mengaji?</p>			
18	<p>Selain <i>ngaji</i>,,, disini ada nggoreng kerupuk, jualan telur ke pasar-pasar, jualan gas, membuat roti, selepan adonan aneka kueh, ternak kambing, <i>ngrumati</i> sawah (ladang,pen), tempat</p>	<p>W1.B.18</p>	<p>Macam-macam pekerjaan yang ada di pondok</p>	

	potong rambut, dan lain-lain pokoknya.			
19	Lumayan banyak dan berkembang y sekarang, ya sudah om, sampai sini dulu. Karena sudah malam sampean lanjutkan nderese, maaf mengganggu ya. Wassalamu alaikum			
20	Iya <i>gak po-po kok wik</i> , waalaikum salam warahmah.			



Wawancara II, subyek I

Tempat : Rumah Subyek I

Tanggal : 19 Maret 2016

Waktu : pkl. 22.15 WIB,

No.	Wawancara	Kode	Tema	Kategori
1	<i>Assalamualaikum,,,,</i>			
2	<i>Assalamualaikum,,,,</i>			
3	<i>Alhamdulillah,, suwun um ya,, wes gelem nyempetne wektu gawe bantu aku.</i>			
4	<i>Santai wes, pokok nek aq sanggup bantu yo tak bantu wik,, tapi aku jalok rengrengan seng ape ditakonke a,, ben gak bingung aku.</i>			
5	<i>Monggo niki um,,</i>			
6	<i>Heem,,,, sibp</i>			
7	<i>Tolong samean ceritakno,, awal e samean iso sampek mutusne pengen mondok ngapalno Qur'an.</i>			
8	<i>Aku pengen ngapalno sekolah iku wes suwe, sekitaran 2003. Waktu ijeh sekolah neng PRIMA Kajen...terus kancaku iki kan jejerku sekolah a, jejerku panggon. Fakhrudin iku lhoo,, uut uut. Anak e Yi Darda' Ndlangu. Kan ngapalno neng Mbah Dullah, pas jaman semono kui ngapalno,, terus jaman semono kui nek ndekne ngaji khataman aku sering diajak. Pertama</i>	W2.B.8a W2.B.8b	Awal mula menyukai hafalan Keinginan berawal dari teman sekolah	Pengambilan keputusan menghafalkan Al Qur'an Motivasi menghafalkan Al Qur'an

	memang dari iku awal pengen ngapalno.			
9	<i>Berarti memang gak ono kongkonan teko keluarga opo teko endi-endi um?</i>			
10	<i>Gak,,gak,,gak,,ora ono,, asline wong tuwoku malah gak oleh kok. Ma'aku asline kudu gak oleh nek aku mondok malah kok. Pas jaman semono aku seng mekso pengen mondok iku,, ngasek sapiku tak dol i, wedusku tak dol i kok pas pengen mondok pertama kuwi. Awal mondok aku malah aku gak direstui mbokku malah awal e, pas aku izin iku mbokku, "lha terus aku ngko neng omah karo sopo???" coro ngono ma'aku iku,,,,khawatir thok isine. Terus akhir e tak yakino tak yakino terus yakin dewe akhir e,, ngono awal e.</i>	W2.B.10	Sempat mendapatkan penolakan dari ibu.	Regulasi diri interpersonal
11	<i>Yakino tentang opo iku um???</i>			
12	<i>He? Yo yakino tentang dewean iku. Maksud e niatku mondok ngapalno kuwi niat apek.</i>	W2.B.12	Meyakinkan pada ibu bahwa niatan hafalan Al Qur'an adalah mulia	Regulasi diri intrapersonal
13	<i>Iku 2003 y om? Bareng aku berarti y pas iku?</i>			
14	<i>Disek kuweee,, wong aku mondok ndlangu iku 2004 nek gak 2005 kok.</i>	W2.B.14	Tahun masuk pondok	Awal masuk pondok
15	<i>Oh iyo yo,,,,,,hehe</i>			
16	<i>Nek moyek yo wes neng ndlangu,, dinyeki</i>			

	<i>ndekne, dienggo kalah-kalahan ndekne aku pas iku. Sopo leh iku kok mlete.</i>			
17	<i>Terus pas kui diterne Uut?</i>			
18	<i>Ogak ah, aku diterno Perso.</i>			
19	<i>Kang Perso Mbenagung iku?</i>			
20	<i>Heem. Kan aku golek pondok seng neng kono iku gak mberatno wong tuwo. Nah iku ono koncone koncoku ngedohno neng Ndlangu. Pas jaman kuwi kan sekolah e wong e neng Guyangan. Nduwe konco seng jeneng e Perso karo Karnadi, posisine Perso karo Karnadi sak kelas. "yo wes tak dohno neng ndlangu" terus tekan kono ketemu Perso, yo wes sowan rono karo Perso mbarang iku mau. Nek mok takokno masalah pengambilan keputusan aku mondok yo ngono kuwi mau, kan seng muk takonke sebelum memutuskan mondok yo kuwi mau selain songko hidayah ah. Seng kedua yo kuwi mau keinginan songko ndwe konco iku mau. Nek diri sesudah iki aku ora iso njawab iki, awakku durung selesai kok.</i>	W2.B.20a W2.B.20b	Mencari pondok yang tidak memberatkan orang tua Mendapatkan petunjuk dan keinginan menghafal seperti teman.	Penetapan memilih pondok. Regulasi diri intrapersonal.
21	<i>Diri sebelum e disek um,,,,,</i>			

22	<i>Eee,,,yo iku mau aku ancen cah nakal. Intine cah ratanan. Nakal aku. Kumpulanku yo cah,,, ngunu kuwi. Kumpulanku cah nakal, cah mabuk, cah maling,,,, tapi untunge aku gung mabuk, gak sampek aku doyan, trus mangan barang haram yo wis biasa. Mangan iwak-iwak asu, garangan. Untunge aku ora doyan iwak.</i>	W2.B.22	Subyek berteman dengan beberapa teman yang kurang baik.	Keadaan lingkungan sebelum di pondok
23	<i>Ora doyan iwakwes suwi ya um?</i>			
24	<i>Wes suwii aaa,,, aku gak doyan iwak awit cilik a sin. Aku lagek doyan iwak iku neng ndlangu kok. Dipakani iwak gereh. Aku gak doyan iwak kan awit cilik a,, doyanku yo tempe tahu thok.</i>	W2.B.24	Subyek tidak makan daging	Keadaan lingkungan sebelum di pondok
25	<i>Emang kumpulan e biasane neng ndi um?</i>			
26	<i>Heeh a,, iki neng bok kene iki maune, sakikine kan sepi a kretek iki, bok ngarep omah iki. Jaman disek kan iki ono kretek e, kretek e wes gak ono bok e. Disek ijek ono bok e jaman semono,,, ijek ono cah nongkrong sampe jam siji jam loro. Kan ono rondan e, Kadang sampe ngenteni opo,,,, ngenteni opo leh,,, ngenteni campion,,, jaman semono</i>	W2.B.26	Subyek menunggu pertandingan bola di tempat tongkrongan.	Keadaan lingkungan sebelum di pondok

27	<i>Ooh,, bal-balan, ono tv ne ya um?</i>			
28	<i>Ono to,,</i>			
29	<i>Rame berarti y um?</i>			
30	<i>Rame a, sakiki kan wes sepi a. Sakiki ganti cah cilik-cilik. Cah cilik-cilik sakiki nongkrong e ganti neng lapangan kono. Nek jamanku ya neng angkruk.</i>			
31	<i>Lha iku coro bolo sak umuran sekolah kabeh yo???</i>			
32	<i>Yo aku paling cilik itungan e, sak kangaku kabeh. Sak aku menduwur kabeh, seng sak umuranku iku jarang. Tapi wes piye yo,, karo wong tuwo lah yo aku wani.</i>	W2.B.32	Diantara teman-teman satu kumpulan, subyek paling muda sendiri.	Keadaan lingkungan sebelum di pondok
33	<i>Wani???</i>			
34	<i>Heeh. Sadarku kan aku ditangisi mbokku a, dikongkon mateni. Sadarku iku aku dikon mateni mbokku.</i>	W2.B.34	Mendapat teguran keras dari orang tua	Mendapatkan hidayah dari Allah
35	<i>Perkoro opo iku?</i>			
36	<i>Perkoro aku yo,, kumpulanku ngonoku, pas diluru mbokku aku pas balaku do mabuk kabeh.</i>	W2.B.36	Ibu subyek mempergoki teman-teman subyek sedang mabuk	Keadaan lingkungan sebelum di pondok
37	<i>Neng kene, neng bok iku?</i>			
38	<i>Heeh. Setelan e film ngonoku. Langsung dijukukno aret seng tak nggo ngaret iku. “daripada aku neng ndunyo aku roh pengawehanem koyok ngeneki, aku</i>	W2.B.38a W2.B.38b	Mendapat teguran keras dari orang tua	Mendapatkan hidayah dari Allah

	<i>pateni wae. Aku roh neng ndonyo bocah cilik tak gedekno kelakuanem koyok ngene iki. Alung mati ae, alung muk pateni wae” Iku dadi lan sadarku ko gon e iku.</i>		Awal mula kesadaran	Mendapatkan hidayah
39	<i>Awal titik sadar berarti pas bengi iku ya um?</i>			
40	<i>Heem, pas iku sak ilengku aku pas ngenteni champion antarane Bayern leverkusen ambi Real Madrid. Nek gak leverkusen mboh Muenchen. Oh yo Leverkusen pas iku, ijek kondang Leverkusen maune. Ditangisi mbokku.</i>	W2.B.40	Subyek menunggu pertandingan bola	Keadaan lingkungan sebelum di pondok
41	<i>Pas tengah wengi berarti pas diparani rono iku?</i>			
42	<i>Heeh, pas mbokku awak e rodok gak kepenak.</i>			
43	<i>Golek konco ngono a?</i>			
44	<i>Heeh, diluru a, malah nek kono kecekel e lagek delok. Disek kan rondan e model e tertutup ono tv ne. Nek ndelok bal do nek njobo, karo ketipungan, gitaran, dangdutan, sak iki wes gak ono.</i>	W2.B.44	Subyek dan teman-teman sedang menonton film dan bermain musik di tempat tongkrongan	Keadaan lingkungan sebelum di pondok
45	<i>Eh um, kan maksud e sesudah iku,,,,, seng iku mau kan sebelum ada niatan untuk terjun ke dunia ngapalno, nah selama itu kan ada peralihan dan ada</i>			

	<i>perubahan dari sebelumnya to, nah selama iku kepiye???</i>			
46	<i>Yo iku mau, dalam masa penghabisan umur,, ngentekno umurku,,, setelah masuk pondok iku ancen tak nggo ngabdi karo kyaiku karo wong tuwoku, wes intine neng gene kono. Maksud e selain ngaji Qur'an lho sin, coro umurku tak entekno ning ndunyo yo tak nggo ngabdi ning wong tuwoku karo ngabdi ning kyaiku</i>	W2.B.46	Mengabdikan diri untuk orang tua dan kyai	Regulasi diri intrapersonal
47	<i>Nek iku mau kan coro prinsip kan, lha nek seng dirasakno teko awak dewe piye?</i>			
48	<i>Yo wes adoh a,, dari segi kumpulan yo kumpulanku wes dewe, kumpulanku wes santri,, koyok kowe-kowe,, cah sekolah, cah berpendidikan. Nek sakiki yo coro melek e bengi yo wes dewe. Nek biyen kan terus delok film koyok ngono kuwi, sampek ora iso ngdek aku. Biyen aku ndwe penyakit gak iso ngadek lho sin. Selama aku neng ndlangu pirang-pirang tahun iku aku ndwe penyakit ora iso ngadek, ora normal aku, gak iso ngadek. Aku waras,, waras iso normal, iku corongono normal e malah karo bojone S**@*@n .</i>	W2.B.48a W2.B.48b	Setelah di pondok, subyek menemukan suasana baru. Subyek pernah memiliki kelainan	Regulasi diri interpersonal Keadaan lingkungan sebelum di pondok

	<p><i>maune aku mok delok i film, gak bakal aku ngadek, kok delok film, wong dicekel cah wedok ae lho coro aku dingin. Wes biasa, gak ndwe nefsu no piye,,, lha piye,,, disek setiap hari coro esok neng sekolah mbi konco sekolah ae delok, nyewo CD sak Player e nyewo terus golek nggon. Lha seng nyuplai konco-koncoku Jakartanan ngono nek mulih gowo sak kerdus. Tapi apik e nek wes bar terus digecek ben wong liyo ben gak nyilah. Wes bar yo bar, nek pas mangkat Jakarta tuku maneh sak kerdus. Bendinoooo,,, sampe gak iso ngadek, wes model kartun opo seng opo.</i></p>			
49	<p><i>Iku wong perantauan kabeh ta um? Gak do sekolah?</i></p>			
50	<p><i>Iyo roto-roto perantauan, tapi yo ono seng lulusan SMA. Neng kene sekolahan Madrasah iku gak payu. Coro wong kene nek sekolah neng Madrasah yo paling-paling dadi moden. Neng kene kan sekolah didadekno dalam golek kerjaan kan. Mek aku thok seng neng Madrasah. Coro wong kene sekolah madrasah iku, bocah seng sekolah</i></p>	W2.B.50	<p>Teman-teman dan lingkungan tidak mendukung dalam hal pendidikan</p>	<p>Keadaan lingkungan sebelum di pondok</p>

	<i>neng madrasah yo bocah seng paling empreh, empreh iku seng paling rendah. Seng diburu roto-roti STM opo SMK.</i>			
51	<i>Kok gak nyoba neng SMA um?</i>			
52	<i>Wes didftarno kangaku pas iku, neng SMA 1 wong NEM ku 3,6 kok Tayu. Ketompo, tapi mbokku gak oleh.</i>			
53	<i>Hebat berarti y, kan nem iku 40 paling apik.</i>			
54	<i>Iyo leh wong wes ditompo.</i>			
55	<i>Lha iku um, pas malem kuwi lho,, pas digawakne arit iku kacek e karo pas ape mondok iku adoh g?</i>			
56	<i>Yoooo,,, sekitaaar satu tahun lah,, yo sekitar enam bulan lah,</i>			
57	<i>Pas kuwi wes lulus teko Salafiyah eh teko sekolahan PRIMA?</i>			
58	<i>Pas jaman iku,, iyo wes lulus.</i>			
59	<i>Dadi setelah mlebu neng ndlangu iku dari pergaulan dari kehidupan wes berbeda jauh yo um?</i>			
60	<i>Heem, tapi awal-awal e neng ndlangu ijeh aku. Penyakitku neng omah ijeh aku. Itungan e cah anyar es wani ngono iku aku. Kumpulanku cah ndeso seng cah nakal maune.</i>	W2.B.60	Subyek sempat berteman dengan warga setempat yang kurang baik	Keadaan awal lingkungan di pondok/ regulasi diri interpersonal
61	<i>Coro nakal e lapo wae iku um?</i>			

62	<i>Podo wae a,, senengane do delok ngono kuwi mau karo do ngombe a.Kholil, Saridin, karo sopo leh,, cah lor an anak e bakul pitik seng keno penyakit beri-beri awak e guedi lho lik. (Mas'ad) yo Mas'ad. Terus cimpleng.</i>	W2.B.62	Subyek sempit berteman dengan warga setempat yang kurang baik	Keadaan awal lingkungan di pondok/ regulasi diri interpersonal
63	<i>Pas ngombe melu rono bareng?</i>			
64	<i>Heem ah,,</i>			
65	<i>Neng ndi pas iku um?</i>			
66	<i>Neng omah e Saridin ah,, delok tv yo delok ngono iku barang.</i>	W2.B.66	Subyek sempit berteman dengan warga setempat yang kurang baik	Keadaan awal lingkungan di pondok/ regulasi diri interpersonal
67	<i>Berarti biasane dolan neng omah e Saridin yo?</i>			
68	<i>Heem ah, karo Almarhum T@# Y@#%</i>			
69	<i>Kok iso kenal kono iku awal e piye um?</i>			
70	<i>Seng ngenalno Almarhum T@# Y@#% ngono kok. Gak usah gowo jeneng e wong seng wes ora ono ah, ben dadi jembar lan padang kubur e.</i>			
71	<i>Berarti wes berbeda jauh lah ya,, walaupun pada awal e masih ada sedikit seperti itu.</i>			
72	<i>Iyo awal-awal e iseh ngono. Tapi ketika wes diajar yai songko keseharian e ngajine, songko sifat e bapak dalam memberikan contoh kan iso berubah.</i>	W2.B.72	Meneladani akhlak pengasuh pondok	Regulasi diri interpersonal

73	<i>Salah satu sifat e bapak yang samean contoh iku apa?</i>			
74	<i>Seng paling tak ikuni kuwi, bapak dalam mendidik bocah iku memberikan contoh. Ora ngandani karo pengendalian ngono lho. Jadi setiap bapak ngutus mesti bapak wes nandangi disek.. Misal e bapak ngutus nyapu ya bapak wes nyontoni. Coro istilah kasar e ngono lho. Karo bapak iki menjadikan segala sesuatu iku iso dadi manfaat kanggo wong liyo, ora kanggo manfaat kanggo awak e dewe. Koyok bapak neng sawah nyirami lombok yo kuwi mau selain niat olahraga yo ben iso dadi manfaat kanggo wong liyo.</i>	W2.B.74	Meneladani akhlak pengasuh pondok	Regulasi diri interpersonal
75	<i>Nah sakiki motivasi ben semangat terus selain motivasi dasar iku mau seng kepengen koyok uut, iku opo um?</i>			
76	<i>Motivasine iki a? Yo mungkin iku mau selain ngibadah teko atine dewe, yo sak isa-isane,, mboh ben moco Qur'an enteng neng lambe. Selain iku yo teko cewek mbarang.</i>	W2.B.76a W2.B.76b	Motivasi menghafalkan Al Qur'an Motivasi dari lawan jenis	Regulasi diri intrapersonal Regulasi diri intrapersonal
77	<i>Cewek? Kok iso teko cewek?</i>			
78	<i>Cah-cah biyen mayoritas cah ndlangu roto-roto ngono,</i>	W2.B.78a	Motivasi dari lawan jenis	Regulasi diri intrapersonal

	<p><i>"ndang khatam ah, ndang kawen kok"</i> <i>Iku wes roto-roto iku, angger muk takok i yo jawaban e ngono. Tapi kadang yo semangat e gak ngono terus kok...</i></p>	W2.B.78b	Naik turun dari motivasi	Regulasi diri intrapersonal
79	<p><i>Heem ancen molah maleh,,</i></p>			
80	<p><i>Iyo wong kowe yo wes nglakoni dewe kok.</i></p>			
81	<p><i>Terus sakiki balik maneh, motivasi menduasar ngapalno kuwi opo um?</i></p>			
82	<p><i>Iyo kan pertama kabeh wong kan ndwe hidayah dewe-dewe kan. Carane Gusti Allah nglebokno kan dewe-dewe. Pertama iku mau diilingno wong tuwo terus hidayah masalah Qur'an iku mau nduwe keinginan kepingin teko kancane mau. Konco sekolah iku mau ngapalno terus kepengen ngapalno.</i></p>	W2.B.82	Awal mula ingin menghafalkan Al Qur'an	Regulasi diri intrapersonal
83	<p><i>Nek ambek hadits-hadits seng ngomongke nek wong ngapalno qur'an kuwi oleh ngene-ngene piye um? Percoyo gak?</i></p>			
84	<p><i>Percoyo ah, iku kan termasuk motivasi a sin. Coro seng pertama kan aku yo ngerti keluargaku iku koyok ngene, ngibadah yo wes koyok ngene lah. Yo pengenku yo koyok hadits iku mau ah, nek wong seng ngapalno iku</i></p>	W2.B.84a W2.B.84b	Meyakini hadits tentang penghafal Al Qur'an Niat yang baik dalam	Regulasi diri intrapersonal Regulasi diri metapersonal

	<p>iso ngekeki syafaat neng wong tuwone, karo dulur e sepuluh nek gak salah, sk ilingku lho. Yo pengen dadi menuso seng apik, cerak karo ning Gusti Allah, akhir-akhir e tetep tekan kono balik e, mesti awal e gak teko kono, gak mungkin awal e teko kono niat e. Nek nduwe niat pengen cerak karo Pengeran, apik ning Pengeran. Iku metune nek pas neng tengah-tengah. Kadang kan ono seng teko paksaan wong tuwo kan,,,</p>		<p>menghafalkan Al Qur'an</p>	
85	<p>Iku koyok aku malah um,,,,,he</p>			
86	<p>Iyo nek kowe kan gak reti opo-opo masalah e kan. Angger dipekso mondok ngono. Nek aku keinginan e memang teko koncoku maeng, sering dikandani nek wong ngapalno Qur'an iku ngene-ngene.</p>	W2.B.86	<p>Awal niat menghafalkan Al Qur'an</p>	<p>Motivasi menghafalkan Al Qur'an</p>
87	<p>Berarti karo Uut mau termasuk dueket banget y, konco plek ya um?</p>			
88	<p>Biyen iku konco pol plek iku cah limo, tapi seng ngapalno Qur'an mek Uut tok iku mau.</p>			
89	<p>Cah limo iku sopo ae um?</p>			
90	<p>Akeh a,, Suprehan, Fakhruddin iku Uut, Asrohul Khotim, Syaifuddin cah Demak. Iku ya cedek kabeh, tapi wes ilang kontak e,</p>			


	<i>seng ijek yo karo Asrof, karo Suprehan.</i>			
91	<i>Lha mau terus nemukno ndlangu mau?</i>			
92	<i>Heeh,, nemukno neng ndlangu y kuwi mau,, ndelok keadaan ekonomi keluarga, kan karek single parent, makane pengen golek pondok seng gak mberatno keluarga. ternyata malah nemukno pondok seng neng kono gak ditarik biaya. Selain iku yo pengasuh e nang kono yo jelas, jelas sanad e teko wong-wong seng alim. Teko Mbah Dollah Salam.</i>	W2.B.92a W2.B.92b	Ingin mencari pondok yang tidak berat di biaya Ingin mencari pondok yang sanadnya jelas	Penetapan memilih pondok Regulasi diri interpersonal
93	<i>Bapak ngapalnoe neng Mbah Dollah Salam ya um?</i>			
94	<i>Iyo a,,</i>			
95	<i>Coro biyen pas pertama mondok neng Ndlangu, model e piye um?</i>			
96	<i>Model e? Aku yo gak paham opo-opo a,, coro aku yo iso moco Qur'an yo wes piro-piro, aku iso moco Qur'an yo keronu aku sekolah madrasah ngono ae. Aku nek gak sekolah madrasah menowo aku yo gak iso moco Qur'an.</i>			
97	<i>Opo wes ono kerjone pas kuwi um?</i>			
98	<i>Wes ono a.. ngisi minyak jaman semono.</i>			
99	<i>Ooh,, Biyen iku opo kerjone um?</i>			

100	<p><i>Yo nyapu karo ngisi minyak tok a, Awal iku,, lha mulane cah disek ape nganuni bocah sakiki yo tak nganu,, tak welehno,,, “kowe iso nganu jaman semene, koyok Njubed kan nyalahno bocah sakiki do keset ngaji, do ra iso ngaji, do ra ndang bar-bar. Sakiki ngene lho kang njubed, nek kowe mikirem ngono, kowe jajal a nglakoni penggawean e cah sakiki nek jamanem. Wong jamanem uripem posaposo, nek esok nyapu, sedino ndueres ngasek sore ngko sore nyapu meneh, awan ngisi minyak yo seng ngisi aku karo Amin karo Zaeini. Esaaah,,eeeh,, ndek e a urip e mek ndereees,,nek mesjid turaaa gemluntung panggon e yo aku ijeh ileng nek nggon e ngisor soko iku. (ngisor soko cor)”</i></p> <p><i>Ono kancane do madung ndekne yo ra tau melu madung,, madung kayu jaman biyen karo Yi Man ngono nggo kayu he’e aa,, gak tau. Alung Cliboe ijeh nganu,,</i></p>	W2.B.100	Pekerjaan menjadi salah satu faktor santri jarang nderes dan lama dalam menyelesaikan hafalan	Regulasi diri intrapersonal
101	<p><i>Lha iku pas jaman ono selain minyak iku opo disek um?</i></p>			
102	<p><i>Endog sek a,,</i></p>			

103	<i>Ileng gak tahun piro iku um?</i>			
104	<i>Eh,, bar minyak gak onok terus gas a,, Bar gas yo terus endog.</i>			
105	<i>Tahun piro yo iku um?</i>			
106	<i>Karek kowe delok a,, minyak digenti gas tahun piro. SBY pertama kali dadi presiden karo JK a.</i>			
107	<i>Lha saeman tekan pondok tahun piro?</i>			
108	<i>Yo lali,, 2004 mboh 2005. Eh, sak durung e gas iku yai wes goreng krupuk e yo,, Yo berarti disek krupuk e yo. Terus lagi endog. (ono ager-ager iku lho pertama, karo pak sopo leh iko??) Karo pak Pa'at. Tapi jelly iko gak mlaku kok. Genti krupuk lagek iku ono endog. Yo iku sin kesalahanku iku, jane angger awal-awal bapak nganakno opo iku tak catet kok. Koyok gawe kandang wedus, gawe opo,, asline iku perlu kok. Gawe sejarah. Pertama kali aku ndwe wedus, tuku wedus iku tanggal,, tanggal 13 Januari. Rongewu,, tahun wingi,, wes setahun iki a, berarti rongewu limolas.</i>			
109	<i>Balek neng gene minyak karo nganu mau, berarti mau krupuk sek yo?</i>			

110	<i>Krupuk iku tahun piro yo,,, waduh iku seng angel iku sin. Iku nek diskripsikno ngasek iku,, krupuk sapi mbarang lho seng marai. Sapi gak nganu.</i>			
111	<i>Endog sek a um iku,,,</i>			
112	<i>Iyo endog sek, endog kan terus ijeh karo sapi.</i>			
113	<i>Terus jagung iku opo leh?</i>			
114	<i>Pop corn a? Iku tahun piro leh,,, anyar-anyar e HP ne Kusen iku tahun piro leh, anyar-anyar e pop corn karo jelly kan pas jaman e Kusen nduwe HP putih abang kan. Terus digowo Pak Pa'at gak mbalek. Nokia,,,songo pitunan nowo, iyo a lek? (rongewu pitu ngono) iyo rongewu pitu. Aku muleh iku tahun piro leh,,,aku muleh setahun lho,, iku kan sapinan iku,, (kowe balik iku tahun piro?) rongewu wolu mboh rongewu songo. (rongewu songo). Heeh rongewu songo aku balik ketok e, aku balik kan terus Amin boyong a.</i>			
115	<i>Pas jaman kang Amin iku wes ono krupuk a?</i>			
116	<i>Wes ono a, wong ndekne tau jungkir mbarang kok. Iko kan pas ngeterno krupuk kan. Amin biyen endogan karo pak Tamam.</i>			

	<i>Terus ndekne jungkir neng nggene Pamotan a.</i>			
117	<i>Oalahh,, iyo re. Yo pun um, wes wengi iki sesok-sesok dilanjut meneh ya,,</i>			
118	<i>Ok wik, piye turu kenenopo do mulih iki,, (mulih ah)</i>			
119	<i>Oke wes,</i>			
120	<i>Kowe seng ngarepi ya, aku ngantuk e.</i>			
121	<i>Oke um, siap. Tapi gugahi emak em yo,,</i>			
122	<i>Yo gak po-po kok.</i>			



Wawancara III, subyek I**Tempat : Tambak (tempat menggembala kambing)****Tanggal : 22 Maret 2016****Waktu : pkl. 14.15 WIB.**

No.	Wawancara	Kode	Tema	Kategori
1	Alhamdulillah,,, enak yo um panggon e.			
2	Heem leh, aku biasane nek angon yo nek kene.			
3	Oh iyo langsung dimulai ae ah ya,,, Nko lagek njagong-njagong liyane ben kepenak.			
4	Heem malah apek ngono.			
5	Ehmm,,coro disek ambek sakiki kan wes bedo, semenjak kerjaan sakiki serondok akeh samena ndwe nggak strategi-strategi khusus kanggo ngaji, mbuh nderes e piye ta opo ngono,, iki kanggo pribadi dewe lho um.			
6	Nek aku pribadiku yo ancen ngeniki, yo iki nek pas neng sawah, pas angon. Iku karo nderes. Nderes e seng karo latihan bekerja, nderes seng karo mergawe iku istilah e nderes seng kecekel-kecekel, seng wes lanyah lah. Nek ketika kita tengok-tengok iku nderes e dienggo dandan opo tambahan. Nek metode ko aku dewe ngono, kadang aku gowo Qur'an cilik. Kadang Koyok cah pasaran yo	W3.B.6a	Nderes sambil bekerja	Regulasi diri intrapersonal
		W3.B.6b	Nasehat pak yai ketika santri	Regulasi diri interpersonal

	<p>ngono, hp ne do diisengi Qur'an terus gowo headset. Kan nek nderes gowo motor gak enak. Hp ne cah pasaran kan hp musikan kabeh, yo nek misal e pas mepet ape ngaji Isya', posisi njujak ngono ben siap. Koyok Wanto, Taris kan do ngono. Yo nek jenuh digawe musikan, tapi kan akeh digawe nderes headset an.</p> <p>Nek yai yo ngendikan e ngene "nek kowe gatekno kesel yo kesel terus, gatekno bileng yo bileng terus, nek gatekno ngantuk yo ngantuk terus.</p> <p>Hemmm,,, kudune yo iku mau syarat e siji dalam kondisi keadaan apapun nderes iku dipekso, ora iso,,, nek ko kemauan e dewe, dalan e yo iku mau dalan e hidayah, nek pengen dari sebuah teko awak e dewe yo iku mau dipekso, nek yai yo iku mau nek ngantuk yo dipekso nderes, nek kesel yo dipekso nderes, nek bileng yo dipekso, nek bileng dijeblokno tembok dak wes,," yai malah ngono,hehe</p>		kurang bersemangat mengaji	
7	Kapan ngendikan ngono um? Opo teko sopo iu?			
8	Pas neng angkruk, pas bocah-bocah ora ono do ngaji pas keselen. Ono seng ngantok ono seng keselen.	W3.B.8a W3.B.8b	Santri dalam kondisi kurang semangat dalam mengaji karena capek.	Regulasi diri intrapersonal Regulasi diri interpersonal

	<p>Terus iku mau “gatekno ngantuk yo ngantok terus, kesel kesel terus, nek ngaji yo kudune dipekso, alung istiqomah. Ra senajan nderes diwoco yo gak po-po. Ra ketang sesasi khatam peng telu, sedino iku telong juz, iku minimal” iku coro yai sesasi khatam peng pisan peng pindo yo ilang, “mlebat kang, nek sesasi sak khataman opo rong khataman”</p>		<p>Nasehat pak yai ketika santri kurang bersemangat mengaji</p>	
9	<p>Nek sakiki samean dewe piye um? Target dewe.</p>			
10	<p>Nek aku,, telong juz. Kadang yo gak kecekel, nek iku yo seng penting aku sedino harus nderes. Ra ketang sejuz.</p>	W3.B.10	<p>Target subyek dalam sehari nderes 3 juz. Minimal 1 juz</p>	<p>Regulasi diri intrapersonal</p>
11	<p>Sakiki wes karek ndandani tok yo um?</p>			
12	<p>Gak ah,, ndandani ndandani kabeh ah.</p>			
13	<p>Iki mau kan masalah target, lha nek selama iki seng garai semangat ilang opo garai nderes angel opo?</p>			
14	<p>Onok a, seng paling dominan iku mau HP terus TV. Nomer siji HP, nomer loro TV terus nomer telu iku mau PS. Kendalane cah pondok lho,, tapi nek PS kan nek ndwe duwek.</p>			
15	<p>Iki kanggo samean dewe lho,,</p>			
16	<p>Heem, nak aku dewe yo iku mau TV ambek HP.</p>			

	Iku mau ganggu neng aku dewe. Mboh telponan, mboh facebookan.			
17	Nek pane karo konco-konco piye um?			
18	Nek aku ambek bocah-bocah yo mbangunku koyo sistem kekeluargaan.kowe yo tau suwe kumpul karo aku, yo paham aku to. Koyok biyen aku jaman GEP karo Cliboe sampek ngono aku yo ngalahi,, kowe yo ra tau reti kan aku ndwe masalah karo wong. Nek karo cah-cah sakiki yo gak tau blas. Bocah-bocah yo gak wani ambek aku, aku kan gedhe dewe a neng pondok.	W3.B.18	Saat ada masalah dengan teman satu pondok, sering mengalah	Regulasi diri interpersonal
19	Lha seng sampek ganggu ngaji ono opo gak um? Seng dadekne ngaji males,			
20	Nek seng gawe aku males nderes yo iku mau, masalah karo keluargaku iku. Kowe reti dewe kan? Emakku yo wes sepuh, usiaku yo wes semene. Kuatir e emakku kan ora dengangi aku omah-omah. Yo wes karo wong tuoku iku a, emakku kan pengen e aku ndang neng omah. Nek internal pondok, gak ono. Pak yai tek bu An, gak tau nyentok aku.	W3.B.20	Faktor paling dominan yang mengganggu ngaji adalah keluarga	Regulasi diri interpersonal

21	Lha wingi jare sempet purek wingi?			
22	Lha iku kan gak masalah ngaji a,,, iku masalah kerjaan.			
23	Lha nek karo pacar-pacar ngono?			
24	Nek karo pacar kan nek telponan an,,, Nek wong telponan nek karo pacar, wes jelas wektu, pokok e nek ketika pas gak sibuk, delalah e alhamdulillah iku ndekne sibuk dewe, nduwe tanggunggan dewe. Dadine iku terus juaraaang a aku telponan. Dadine pas dino jumat opo pas dino libur pas jaman ndekne neng pondok. Kan aku yo podo wae gak tau nganggor, kowe yo reti dewe.	W3.B.24	Hubungan dengan pacar mampu dikondisikan dan tidak mengganggu ngaji	Regulasi diri interpersonal
25	Lha nek misal e di presentase, dari semua masalah iku mau seng paling akeh efek e iku mau seng teko keluarga iku mau?			
26	Iyo, kadang iku pas nderes ono telpon teko emakku, ngko ngomong nek kesehatan e kurang kan terus dadekne gak konsentrasi a sin. Coro aku kan nduwe tanggunggan kan, ngrumati Qur'an, satu sisi iku aku harus birrul walidain kok, meneh-meneh iku emakku dewe. Makane dadi gejolak neng pikirku, neng atiku dewe a sin.	W3.B.26	Faktor keluarga menjadi faktor yang paling berpengaruh dalam mengganggu ngaji	Regulasi diri interpersonal

	Makane kadang aku mulah-mulih, lha mulah-muleh dewe iku kan wes ngentekno waktu piro a. Wektu piro seng wes tak ilangno a.			
27	Punya pengalaman gak um selama seng ati,, mboh mimpi dipetuki sopo ngono.			
28	Gak pernah aku nek pengalaman ngono kuwi. Kowe malah seng tau mimpi.			
29	Mimpi opo?			
30	Ketemu Mbah Mutamakkin peng pitu,,			
31	Lho oraaaaa,, kapan aku cerito ngono??			
32	Iyooo,, tau. Kowe cerito dewe. Ketemu Mbah Mutamakkin, pas kowe ape kuliah mboh pas nduwe masalah ambek Hajar mboh ibuem, mboh masalah ape kuliah opo gak iku. Tau pokok e, ojo ceroto sopo-sopo pokok e.			
33	Oraaa um, gak tau,,, iku masalah ape kuliah yo aku ketemu bapak.			
34	Terus kowe leren setaun a,			
35	Rong taun a,,			
36	Eh iyo rong taun, pas iku kayane.			
37	Lha iki coro biasane kan wong iku ape ngapalno terus ditirakati. Samean pernah gak selama iki?			
38	Tau, aku tau dalail. Njubed kan disek dalail, eh aku Dawud leh.	W3.B.38	Mencoba menirakati hafalan dengan	Regulasi diri metapersonal


	<p>Njubed kan dalail, nek aku dawud, Cliboe yo dawud.</p> <p>Terus ketuduk bapak, pas diajak ngaji neng pak kaji, Kaji Rasmito. Disek kan seng diajak ngaji kan cah limo.</p> <p>Dikei daharan, seng gak mangan aku tok, aku wes alasan gak doyan iwak e, tetep digorengne tempe, iu ijeh moh, seng bapak, “lho kok gak mangan?” aku kondo poso.</p>		puasa tapi dilarang pak yai	
39	Terus piye? Bapak ngendikan opo?			
40	Yo ra lah poso.	W3.B.40	Subyek dianjurkan untuk tidak berpuasa	Regulasi diri metapersonal
41	Terus seketika iku kok batalno?			
42	Iyo, terus cerito nek jaman diseke mbah Dollah yo gak tau poso.	W3.B.42	Pengasuh menceritakan pengalaman mbah Dollah yang juga tidak berpuasa untuk tirakat Qur'an	Regulasi diri metapersonal
43	Kenopo um?			
44	Mboh gak cerito kok, jarene ganggu Qur'an malah.	W3.B.44	Berpuasa dapat mengganggu ngaji Qur'an	Regulasi diri metapersonal
45	Cliboe gak ketuduk berarti?			
46	Nggak, Kang Njubed yo ketuduk pas jukuk sauran, tapi tetep diterusno.			
47	Lha nek amalan liyane um? Koyok wiridan tau gak?			
48	Gak ono,			

49	Nek pengalaman misalnya petunjuk, misal e ngilingno kon nderes lah. Tau gak?			
50	Nek diilingno pak yai tau aku, sering malah, didukani, dikon nderes. (salaman) podooo?? Podo berarti?? Hehehe	W3.B.50	Mimpi bertemu pak yai dan mendapatkan peringatan agar rajin nderes	Regulasi diri metapersonal
51	Iyooo,hehehe aku pas neng Malang malah re,,, pernah aku diilengno. Lha nek iki um, kesulitan opo ae um selama iki seng samean alami? Kan biasane cah Qur'an ngaji peng telu sedino terus bar iku nderes, lha iki kan bedo, nek pondok iki kan nek bar ngaji moro sawah, angon wedus, neng pasar, terus nyelep, terus mepe krupuk. Seng samean rasakan piye?			
52	Kesulitan e iki memaksimalkan nderes. Selama kita ndwe target, sedino semene kadang gak kecandak. Terus wektu gawe dandan yo rondok kangelan. Meskipun awak dewe mau nduwe strategi mau, pas mergawe karo nderes seng wes nyentel neng gene utek mau, kadang kan karo mlaku kan iso, juz ngisor-ngisor kan karo opo wae iso a, kseulitan e iku mau, mboh target nambah mboh target dandan. Kentekan wektu lah istilah, keterak ngaji isya', keterak istirahat,	W3.B.52	Target-target yang telah dibuat masih belum berjalan dengan baik karena kalah dengan rasa capek. Akhirnya waktu pun terbuang.	Regulasi diri intrapersonal

	<p>terus iku mau ono HP, TV. Yo iku mau lah. Karek bocah e ngatur wektu, kowe yo ngerti dewe lah, kowe yo tau ngalami, urip neng angkruk pirang-pirang taun kok. Koyok kak Wa biyen kadang curhat, keseeel, (kesel deee), keseeel, terus aplang-aplang.</p>			
53	Berarti ono perbedaan yo? Biyen ambek sakiki.			
54	Nek aku mengalami yo, selama aku mondok neng ndlangu duabelas tahun iki sin. Rolas menowo aku..	W3.B.54	Subyek berada di pondok selama sebelas tahun	Keadaan dalam pondok
55	Sewelas a, biyen tau muleh setaun kok,			
56	Heem ree,, iku aku mengalami tiga periode. Seng periode pertama, iku balane kang Njubed, Amin, Moktar, aku. Penggawean iku hanya nyapu ambek ngisi minyak, bar iku ndueres. Angger bar bedog bar jumatatan iku ngisi minyak.	W3.B.56a W3.B.56b	Subyek mengalami tiga periode yang berbeda selam di pondok. Periode pertama pekerjaan masih sedikit	Keadaan dalam pondok Keadaan dalam pondok
57	Makani pitek,,			
58	Durung a, pitik iku seng makani aku kok, pitik karo bebek kan aku ambek mbak fitri.			
59	Ono a umm, biyen emakku nek rono sering cerito iku,,, ono tapi sitik			
60	Mbuh yo nek iku,,			
61	Terus periode kedua piye?			

62	Periode kdua iku ono endog, ono krupuk karo sapi.			
63	Nyelep?			
64	Nyelep bar sapi, sapi berlangsung satu tahun. Aku boyong iku bapak tumbas sapi, aku balik sapine do bongko. Heheheh Periode paling abot iku pas periode iki,			
65	Kenopo um?			
66	pengggawean iku akeh, seng gede sitik. Koyok kuwe karo Ubed kan iseh do sekolah. Seng gede sitik, pengggawean akeh, tapi keuntungan e bocah gede-gede iku do kompak, semangat kabeh terus ngerti pengggawean e dewe-dewe. Koyok aku, Kusen, Amin, Moktar, iku semangat etos kerjane tinggi kabeh lah corongono. Nek periode ketiga iki pekerjaan gak petek akeh, coro goreng seminggu peng pindo. Nek jaman biyeen, iku bendinooo goreng e uakeeeeh,,, jumlah e gede sak wakeh-wakeh. Esok goreng, sore nyelep, esok goreng sore nyelep.	W3.B.66a W3.B.66b	Periode kedua memiliki etos kerja tinggi dan kekeluargaan yang tinggi Periode ketiga pekerjaan tidak sebanyak periode kedua	Keadaan dalam pondok Keadaan dalam pondok
67	Oh iyoo, aku yo melok..hehehe sampek kueker ngene.			
68	Seng nyelep kan iku seng ngrintis kan aku ambek kowe tok a,,, seng iso ngulet kan			

	kowe karo aku. koyok Cliboe kan karek nerosno a,, durung do toto.			
69	Iyo ancen,, aku biyen yo bingung, pas kowe muleh aku seng diluru e,, aku gak iso ngulet kok. Tapi yo nyatane kok iso,hehehe			
70	Lha iyo, kowe kan ngerti dewe a,,			
71	Ya pun um,, suwun ya. Iku ono Fadli wes teko.			
72	Oke-oke suante.....			



Lampiran

TRANSKIP WAWANCARA

Wawancara subyek II

Nama : Sholihul Hadi

Tempat : Pondok

Tanggal : 25 Maret 2016

Waktu : pkl. 06.45 WIB

No.	Wawancara	Kode	Tema	Kategori
1	Assalamu alaikum			
2	Walaikum salam warahmah.....			
3	Pripun mbah, pun siap kan?			
4	Iya mbah, piye-piye siap iki...			
5	Ngene mbah, tolong ceritakan awal samean kok bisa mondok neng ndilangu?			
6	Iku, emmmmm,, gen duowuu tah rondok singkat?			
7	Gen duowuu yo gak popo, angger ojo sedino sewengi mbah,,			
8	Hehehehehe Ngko dak ngeleh,,			
9	Hahahahaha....			
10	Hehehe Ngene, mulai teko bar sekolah ya, Aku wes bar sekolah jane pengen mondok iku wes suwi mbah. Aku bar sekolah iku leren neng omah iku ono nek sekitar empat tahunan, bar	W.SH.9	Subyek mendapat informasi dari salah satu alumni	Awal mula masuk pondok

	teko MTs iku lho ya,,, Neng desaku kan ono alumni kene, kak Syukur.			
11	Ooh,, kang Syukur ya?			
12	Heem mbah. Terus aku akhir e aku mondok neng kene lewat iku mau. Dino Senin aku kan sowan terus Rebo iku aku rene. Lha bareng ngono, seng jeneng e cah anyar kan ileng omah kan ya, yo nangis barang. Padahal wes gedekak yo a.... Lha bareng ngono, bareng wes gak iso diempet e. Dino Minggu iku aku muleh.	W.SH.12	Setelah masuk pondok sempat tidak merasa betah dan pulang	Keadaan saat awal masuk pondok
13	Berarti gak ono seminggu mbah?			
14	Iyo, kan dino Rebo aku rene terus Minggu aku mulih. Lha aku pamitan karo Suradi, pamitku iku ngene, kan aku rene nggowo pakaian akeh, rong kerdus. Lha aku mulih iku tak gowo sak kerdus, terus aku ngomong neng Suradi, “Di,, sok nek aku ogak balik, sok kerdus klambiku gawakno mulih yoo”	W.SH.14	Sempat pulang ke rumah dan tidak ingin balik pondok	Keadaan saat awal masuk pondok

	Lha terus aku tekan omah, aku malah ditangisi lek-lekku mbi mbak-mbakyuku kabeh.			
15	Lha lapo kok ditangisi?			
16	Lha aku nek pengen mondok temenan kok malah mulih. Wes paham?			
17	Mpun,,mpun mbah.			
18	Lha bareng ngono aku kan jane ape muni gak kerasan, bareng wes ditangisi iku maeng aku terus berubah pikiran nek tak pikir. Terus aku muni ngene, “sesok aku balik lek” kan ogak tego a nek ape muni gak kerasan, ngko nek malah nangis luwih banter meneh terus piye, malah geluntungan. Lha terus aku senin iku balik.	W.SH.18	Niat kembali mondok muncul karena keluarga	Regulasi diri intrapersonal
19	Sedino thok berarti mbah?			
20	He’e. Kan aku mulih dino minggu to, terus alasan nggowo mulih pakaian, kakean. Terus gang seminggu mbakyuku rene nang pondok. Mbakyuku malah diedonno neng gapuro Tlutup. Terus mbakyuku tangklet ndalem e yi Bad. Pas iku delalah pak yai karo ibu iku neng	W.SH.20	Sempat mendapatkan kiriman air dari keluarga yang telah diberikan doa oleh kyai agar betah tinggal di pondok	Regulasi diri interpersonal

	<p>angkruk sanding e mbak nik iku lho. Lha mbakyuku delalah takon pak yai, kan gak reti nek iku pak yai. “ape lapo leh mbak?” “ajeng e kepanggeh adek e kulo, Sholihul Hadi” “ooh, iku lho neng kono. Neng pertukangan” Kan pas iku lagek dandani kas buah digawe kas endog mbah. Terus aku dikei banyu sak gelas, omben-omben teko yaiku ben betah mondok. Sakiki malah saking betah e malah gak tau mulih. wong bodo-bodo ae malah gak mulih kok</p>			
21	Iyo re, samean mulih e telat terus.			
22	He'em, ditakokne bapakku terus.			
23	Terus biyen mondok kenopo mbah, pengen mondok opo jane?			
24	Aku biyen yo ancen pengen mondok Qur'an.			
25	Ngapalno yo?			
26	He'em,,			
27	Kenopo kok pengen ngapalno mbah?			
28	Disek iku yo pengen e teko njero ati, dadine yo nggak bisa dijelasno ngono.	W.SH.28	Keinginan dari hati yang tidak bisa dijelaskan	Motivasi menghafalkan Al Qur'an

29	Opo teko koncone? Opo dulur e?			
30	Nek biyen kan sak dulurku gak ono seng ngapalno, biyen tapi. Aku kan ndwe krekatan dewe. Aku ngaji neng Garang. Terus aku ditangkleti pak yai kono, “samean nduwe karep ngapalne a?” yo tak jawab nggeh. Nek gak ditangkleti yo gak tak jawab. Terus gang sediluk kak Syukur cerito iku mau, terus aku sowan karo kak Syukur iku mau.	W.SH.30	Sempat ditanya oleh pak yai di tempat ngaji yang dahulu sebelum mondok	Motivasi menghafalkan Al Qur'an
31	Terus kok milih neng ndlangu mbah? Kok ora neng Rembang ora neng Kudus?			
32	Emmmm, kan disek ngene coro neng kene kan pondok e gratis lah istilah e ngono. Malah neng kenen ono mergawenen mbarang. Kan nek dipiker- piker kan nek bar neng kene iso ngaji yo iso mergawe.	W.SH.32	Merasa cocok di pondok ini karena selain bisa mengaji juga bisa latihan bekerja	Motivasi masuk pondok
33	Samean rono pertama iku wes ono penggawean yo mbah?			
34	Wes ono a., ono minyak, endog, ono sapi. Lha aku kan rene Rebo terus malem Kemis e iku aku	W.SH.34	Sempat memecahkan telur saat ikut memindahkan telur	Keadaan saat pertama di pondok

	<p>ngeduno endog iku sak trek. Bareng ngono akukan,,, seng jeneng e cah anyar kan gak ngerti celah e genjong endog. Pas kui kan endog iseh neng njero ndalem. Terus aku nyeblokno endog neng njero ndalem. Aku kan wedii,, tapi pas iku aku di kandani kang Lisin.</p>			
35	Lisin Cliboe kan?			
36	He'em.			
37	Samean mpun khatam a mbah?			
38	Yo pangestune mawon ah,,			
39	Alhamdulillah			
40	Tapi yo iseh durung mlaku....hehe			
41	Nah sakiki ngene mbah, sakiki ono perbedaan nggk antarane wes mlebu pondok karo durung?			
42	Yo ono leh, nek biyen kan macane iseh grotal gratul, nek sakiki yo alhamdulillah rondok lancar lah. Durung iso ngaji tapi yo iso moco sitek-sitek.			
43	Eh samean masuk pondok iku tahun piro mbah?			
44	Iku,,, dua ribuuuu,,, dua ribu tujuh tapi akhir. Desember mboh November.	W.SH.44	Awal masuk pondok tahun 2007 akhir	Subyek masuk pondok pertama
45	Pas neng kono iku samena kaget nggk karo ngajine?			

46	Pertama kali ngaji? Pertama yo nderedek, nek ndelok wajah e pak yai kan sangar, makane wedi. Kan juga gak tau adep-adepan karo pak yai. Dadine nderedek.	W.SH.46	Sempat merasa takut dengan pak yai	Keadaan saat awal masuk pondok
47	Terus pas jaman semono samean ono kesulitan-kesulitan nggak ngajine?			
48	Ono a mbah, pas ikuuuu.. pas pertama ya. Pas pertama yo biyen kan iseh kososngan, dadine hawane kaget ngono lho.	W.SH.48	Belum pernah setoran hafalan Al Qur'an	Regulasi diri interpersonal
49	Nek neng Garang iku durung yo?			
50	Durung, cuman ngaji bin-nadhor thok.			
51	Lha samean nduwe strategi nggak?			
52	Nek strategine kan ngene angger tak woco bolak balik. Sak rai iku peng telu kadang peng papat. Nah bareng peng telu peng papat iku terus tak apalne sak ayat. Nek sak ayat durung kecekel yo tak bolan baline neh. Nek wes kecekel lagi nambah maneh.	W.SH.52	Strategi subyek dalam menambah hafalan	Regulasi diri intrapersonal
53	Lha samena kaget nggak, biasane kan nek pondok ngapalno kan cuman ngaji nderes, setoran. Tapi neng kono kan			

	ono kerjane ono ngajine?			
54	Nek kangelane yo gak kangelan seh, kan kangelane wes kalah karo kulino. Kan wes nduwe tanggungan ambek durung kan dewe to. Terus nek tiap hari dilakoni terus kan dadi kulino terus dadi biasa to.	W.SH.54	Subyek telah mulai terbiasa antara menghafalkan dengan bekerja sehingga menjadi tidak sulit	Regulasi diri intrapersonal
55	Samean kaget gak ono gawean ngono kuwi?			
56	Nek menurut aku yo gak kaget wong neng omah wes mergawe berat.	W.SH.56	Subyek telah terbiasa bekerja berat saat di rumah	Regulasi diri intrapersonal
57	Mergawe opo mbah?			
58	Mergawe ngedos ngaret ngeniku ta,, Nek neng kene kaget e kan durung kulino ngangkat endog to. Tapi nek mung ngangkat endog limolas kilo kan yo enteng tah.	W.SH.58	Subyek telah terbiasa bekerja berat saat di rumah	Regulasi diri intrapersonal
59	Terus nek dalam keseharian e samean dalam menjalani ngapalno kuwi, semangat munggah medun e perkoro opo mbah?			
60	Nek pas aku gak semangat iku pas sedinoooo iku gak leren blas. Mboh pas belonjo mboh lah opo. Iku kan kalah karo ngantok. Nek gak ngantok yo semangat. Intine	W.SH.60	Mengantuk adalah kendala yang besar bagi subyek	Regulasi diri intrapersonal

	sedino yo kudune ono turune. Nek gak turu terus bengine ngelu.			
61	Biasane nek gak semangat terus samean piye?			
62	Yo tak enggo turu sek. Nko nek tangi kan awak rondok seger, terus dadi semangat meneh. Ora ketang nambah sak ayat rong ayat kan ono semangat e.	W.SH.62	Ketika mengantuk subyek kemudian tidur agar bersemangat kembali	Regulasi diri intrapersonal
63	Nek teko lingkungan mbah? Misal e keluarga, pak yai, konco, opo pacar ngono.			
64	Nek masalah gak semangat iku pas opo ya,,, yo ngunu kui ah cah enom. Cobaan e disek iku cewek, seng jeneng e hubungan karo cewek iku mau yo pas lagi bengkok iku mau ah, marai males.	W.SH.64	Cewek menjadi salah satu kendala bagi subyek	Regulasi diri intrapersonal
65	Nek liyane mbah? Seng paling akeh cobane opo mbah?			
66	HP	W.SH.66	HP menjadi salah satu kendala bagi subyek	Regulasi diri interpersonal
67	Kenopo mbah?			
68	Nek disek kan pas iseh anyar-anyar e HP kan iseh durung iso ngendalikno. Nek sakiki y insyallah wes iso lah. Nek disek kan istilah e	W.SH.68	HP menjadi salah satu kendala bagi subyek	Regulasi diri interpersonal

	iku golek koncooo ae. Terus nek wes nduwe konco cewek kan mbawut sms an e.			
69	Nek ambek konco gak ono pengaruh opo-opo ya?			
70	Gak ono, walaupun bendino digasaki. Seng jeneng e konco kan ngono a.	W.SH.70	Subyek tidak pernah mendapatkan kendala dari teman dalam menghafalkan Al Qur'an	Regulasi diri interpersonal
71	Lha iki mbah nek dibandingno antarane HP ambek cewek terus keluarga opo pak yai seng akeh piye mbah?			
72	Seng paling akeh iku cewek, soal e nek lagi kebayang karo cewek iku marai males ngajine. Nek wong tuwo malah marai semangat, nek pak yai yo podo ae nambahi semangat. Misal e gugah i nek fajar. Nek marai males yo cewek iku maeng.	W.SH.72a W.SH.72b W.SH.72c	Cewek menjadi kendala terbesar yang mampu mengganggu ngaji. Orang tua menjadi faktor yang penyemangat bagi subyek Kendala dari pacar	Regulasi diri interpersonal Regulasi diri interpersonal Regulasi diri interpersonal
73	Lha pas samean ngapalno iku samean nduwe usaha spiritual gak? Mboh wiridan mboh poso ngono.			
74	Ono, disek aku iseh kereb poso Senen Kemis.	W.SH.74a W.SH.74b	Subyek pernah puasa senin kamis untuk menirakati	Regulasi diri metapersonal Regulasi diri metapersonal


	<p>Terus biyen pas jaman iseh anyaran yo tau rutin sholat wengi barang. Nek wiridan yo tau, nek bar sholat diwoco. Opo nek ape nderes diwoco. Iku berjalan sekitar dua tahunan. Iku alhamdulillah hasil mbah.</p>	W.SH.74c	<p>usahanya dalam menghafalkan Al Qur'an. Subyek pernah sholat malam untuk menirakati usahanya dalam menghafalkan Al Qur'an. Subyek pernah mengamalkan amalan wiridan untuk menirakati usahanya dalam menghafalkan Al Qur'an.</p>	Regulasi diri metapersonal
75	Samean pernah nggak mimpi mengenai ngaji.			
76	<p>Pernah, diimpeni pak yai dikongkon ngaji seng temenan. Angger posisi males iku bengine diimpeni.</p>	W.SH.76	<p>Ketika dalam keadaan malas nderes subyek mendapatkan peringatan berupa mimpi bertemu pak yai</p>	Regulasi diri metapersonal
77	Podo berarti mbah,,heheh			
78	Kadang yo ngimpeni ibu.			
79	Nek mbi ibu mbah?			
80	Pas ibu iku cuman ngguyu thok.			
81	Nek pengalaman masalah ngaji mbah?			
82	<p>Disek aku tau dikei solusi ambek kang-kang jaman biyen. "wong seng ngajine cepet iku gak iso tartil, nek ngajine tartil iku iso cepet"</p>	W.SH.82	<p>Mendapatkan nasehat dari salah satu alumni pondok</p>	Regulasi diri interpersonal
83	Sopo iku seng ngandani ngono mbah?			
84	Kang Amin.			

85	Cara samean bagi wektu antarane nderes ambek ngaji piye mbah?			
86	Nah iki seng angel jawaban e, aku jarang nderes hare. Kadang neng pasar opo pas perjalanan biasane iku ambek nderes sitek-sitek. Tapi yo nggak bendino. Terus bar ngaji subuh iku nderes terus turu, bar turu terus ngaji dhuha. Terus bar ngaji dhuha iku nimbangi endog terus neng pasar. Teko pasar nggenteni wektu dhuhur ngko bar dhuhur lagek nderes maneh sampe setengah telu lagek medun teko mesjid. Terus bar ashar gawe tambahan maneh, terus jam papat ngaret. Iku kegiatan sehari-hari.	W.SH.86a W.SH.86b	Subyek mencoba nderes sambil bekerja. Jadwal keseharian subyek dalam satu hari	Regulasi diri intrapersonal Regulasi diri intrapersonal
87	Ono target nggak mbah? Mboh sedino iku pirang juz ngono.			
88	Kadang umpomone nek lagi pikiran kepenak yo kadang limo. Nek pikiran rondok sumpek yo sak juz rong juz.	W.SH.88	Subyek memiliki target 5 juz dalam sehari dan minimal 1-2 juz dalam sehari	Regulasi diri intrapersonal
89	Tapi target e limo yo mbah?			
90	He'em kepengen e target e limo, tapi posisine awak e	W.SH.90	Capek menjadi kendala dalam mengejar target	Regulasi diri intrapersonal

	kadang kesel. Dadine yo seng penting sedino ono nderes e.			
91	Selama iki samean seng paling kangelan iku kesel opo piye mbah?			
92	Perkoro nak masalah kesel iku gak pati ngaruh lah, seng ngaruh iku siji.			
93	Opo mbah?			
94	Ngantuk, nek poosisine wes kadong ngantok iku wes angel iku.	W.SH.94	Mengantuk menjadi salah satu kendala terbesar subyek	Regulasi diri intrapersonal
95	Diwoco yo ora iso mlebu ngono?			
96	Langsung turu e,,,,			
97	Iyo obat e ancen iku re			
98	Lha iyo,,, terus opo neh mbah?			
99	Terus manfaat e mondok neng kono iku opo mbah?			
100	Nak neng pondok iku istilah e kan nandur, mboh yo nek neng pondok iku ngewangi pak yai noto endog opo mergawe liyane. Istilah e besok nek wes boyong yo bakal ngundoh. Jawaban e singkat ya. “nek neng pondok nandur, nek neng omah ngundoh” dak iya a?	W.SH.100	Subyek yakin apa yang diusahakan saat ini akan ia dapatkan manfaatnya setelah keluar dari pondok	Regulasi diri intrapersonal
101	Nek masalah kerjo iku bermanfaat gak mbah?			
102	Yo banget a mbah, nek biyen pas neng omah iku	W.SH.102a	Menyapu dan mencari rumput untuk hewan	Kegiatan subyek

	<p>pengalamanku iku kurang mbah. Biyen isuk nyapu awan ngaret ngono thok. Alhamdulillah neng kene malah tambah pengalaman, pertama saget nyupir terus iso tekan Kudus, Semarang, Malang, Jeporo, Blora. Iku pengalaman teko mobil. Terus pengalaman dagang yo wes rondok menguasai. Terus potong rambut.</p>	W.SH.102b	<p>peliharaan menjadi aktifitas subyek di rumah. Subyek bisa mengemudikan mobil, mengetahui ilmu dagang dan bisa memotong rambut setelah di pondok.</p>	<p>sebelum di pondok.</p> <p>Manfaat yang diperoleh dari pondok tersebut.</p>
103	<p>Nek seng samean cekel sakiki opo mbah?</p>			
104	<p>Yo iku mau endog. Intine seng tak pentingno yo iku mau mergawe seng ngewangi pak yai. Nek koyok potong rambut iku mau kan wes pribadi dewe.</p>			
105	<p>Jare seng wes khatam ono ngaji dewe nek bengi mbah?</p>			
106	<p>Oh iku, tapi iku gak melu aku. Masalah e melek e iku dalu a. Aku gak kuat meleh jam semono. Nek seng liyane iku wes kulino melek wengi. Nek aku yo gak kuat. Terus iki ambek dandani sek mbah.</p>	W.SH.106	<p>Mengantuk menjadi kendala bagi subyek</p>	<p>Regulasi diri intrapersonal</p>
107	<p>Alhamdulillah... yo mpun sek mbah ya matur suwun.</p>			

108	Aku sepurane lho yo nek penjelasan e kurang penak.			
109	Aku seng sepurane we ganggu wektune samean. Assalamu alaikum			
110	Gpp mbah, santai. Walaikum salam warahmatulloh wabarokah.			



TRANSKIP WAWANCARA

Informan

Nama : Fitri Himawan
Tempat : Rumah informan
Tanggal : 27 Maret 2016
Waktu : pkl. 16.40 WIB.

No.	Wawancara	Kode	Tema	Kategori
1	Assalamu alaikum kak wa.			
2	Waalaikam salam sin,,,			
3	Pripun kabar e kak wa, lagi laopo iki mau?			
4	Alhamdulillah apik sin. Lha kowe piye? Aku mau bar ko Tluwuk kok sin,			
5	Alhamdulillah aku yo apik kang. Lho sido ider neng Tluwuk kang?			
6	Iyo sin, wah alhamdulillah payu akiih mau re neng desaem Tluwuk.			
7	Wah iyo leh kak Wa,, neng kono cah cilik-cilik seneng dolenan ngono kuwi. Eh iyo kak Wa aku meh takon-takon sedelok iso kan?			
8	Oh iyo sin, monggo.			
9	Samean kan termasuk paling cedek biyen ambek Basuki. Basuki neng pondok iku piye re?			
10	Basuki iku wong e sregep sin, paling sregep neng masalah mergawe neng kono. Soal e ndekne ancen pak e neng kerjaan	W.FH.10	Subyek pertama paling dihandalkan dalam bidang pekerjaan	Regulasi diri intrapersonal

	<p>kuwi. Koyok masalah bercocok tanam, ngurusi pitik, wedus. Ndekne iku wong e ulet nek masalah mergawe, soal e ndekne seneng tur nduwe pengalaman neng kono. Kan neng omah nduwe wedus biyen.</p> <p>Awit biyen sampek sakiki ndekne iseh dadi andalan e bu nyai kaleh pak yai dalam urusan penggawean neng pondok.</p> <p>Koyok ngrumati sawah seng ditandur jati, sengan, gedang, lombok kuwi yo seng ngrumati ndekne iku mau.</p>		bercocok tanam dan peternakan.	
11	Lha nek masalah ngajine kak wa?			
12	<p>Nek masalah ngaji sak ngertiku yo iku mau sin, ndekne sering kalah karo awak e dewe. Koyok aku.hehehe</p> <p>Ndekne kurang iso mengatur waktu gawe nderes, kalah karo kesel e. Nek bengi paling jam songo iku wes mapan turu sampe subuh kadang.</p>	W.FH.12	Subyek pertama masih belum mampu mengatur waktu dengan baik	Regulasi diri intrapersonal
13	Nek pas mergawe ngono gak disambi nderes a kak wa?			
14	<p>Iyo sin, tapi yo iku mau. Sering dilatih terus tapi yo akeh kalah e. Soal e emang kangelan sin. Tapi nek rumangsaku kok jarang, nek pas tenguk-tenguk ndekne</p>	W.FH.14	Subyek pertama pernah dilatih tapi sangat jarang karena memang masih kesulitan	Regulasi diri intrapersonal

	umik-umik nderes yo aku tau ngerti. Ndekne iku dalam mergawe neng pondok dadi andalan, soal e paling iso tur roso.			
15	Lha biasane Basuki sering mulih yo kak wa?			
16	Iyo sin, soal e emak e neng omah dewean pun sepuh gak ono batur e. Biyen iku pernah emak e loro terus, sering dijelokne omben-ombenan. Malah ndekne yo tau mulih suwi, sekitar setahun malah, iku pas ono musibah kae omah e kebanjiran. Banjir bandang gede kae, makane sampe mulih suwi. Selain ngancani emak e yo karo dandan omah barang.		Subyek pertama sempat pulang selama setahun karena keluarga (ibunya) mendapatkan musibah	Regulasi diri interpersonal
17	Konsentrasine Basuki iku akeh kepecah neng ndi ya kak wa selain nang ngaji?			
18	Nang keluarga, pekerjaan ambek nang pacar e sin. Nang pekerjan iku mesti soal e iku wes dadi penggawean neng kene, ndekne saking sregep e sampe awak e keselen ngono. Nek neng pacar e iku wes biasa kan kang-kang kono. Ndekne kan pernah seneng wong terus keluarga seng cah wedok kurang setuju, terus iki seng ambek	W.FH.18a W.FH.18b	Pekerjaan dan pacar juga faktor yang mengganggu subyek pertama	Regulasi diri intrapersonal Regulasi diri interpersonal

	<p>pacar seng anyar yo ngono sin. Padahal wes didodok lawang.</p> <p>Terus seng paling akih pengaruh e iku rumangsaku kok teko keluarga sin. Soal e emak e kan dewean trus neng keluargane yo sering ono masalah.</p> <p>Mbuh teko dulur-dulur e, mas-mas e, mbakyu-mbakyune. Iku seng gawe konsentrasi ngajine terpecah akeh.</p>			
19	<p>Lha nek mbah Sohikul kak wa? Samean kan juga cedek neng ndekne?</p>			
20	<p>Iyo sin, iku neng masalah kerjaan yo apik. Dasar e wong e emang teko omah iku wes kulino mergawe, neng sawah, ngaretno sapi. Ndekne tenagane yo roso.</p> <p>Tapi sayang e ndekne iku kalah e karo ngantok.</p> <p>Nek bengi paling banter jam song jam sepuluh yo wes mapan turu.</p>	W.FH.20	<p>Subyek kedua sudah terbiasa bekerja namun bermasalah dengan ketika mengantuk</p>	Regulasi diri intrapersonal
21	<p>Nek ngajine kak wa?</p>			
22	<p>Ngajine ndekne termasuk teratur sin, panggon e iku neng mesjid nderes e.</p> <p>Daripada Basuki dalam masalah nderes ndekne luwih iso ngatur.</p> <p>Biasane bar dhuhur iku nderes karo istirahat.</p> <p>Biasane mudun teko mesjid iku bar asharan.</p>	W.FH.22	<p>Subyek kedua memiliki jadwal yang teratur</p>	Regulasi diri intrapersonal

23	Nek kendala-kendala seng ono neng mbah sholihul opo yo kak wa?			
24	Yo iku mau ngantok, terus ndekne iku seneng sms an. Kenalan e cewek akih ndek e. Wong e meneng tur kalem tapi nek sms an mbawut.hahahahah Nek masalah ngajine mbah sho iku kangelan e nek pas nambah anyar sak ngertiku.	W.FH.24a W.FH.24b	Subyek kedua terganggu ketika berinteraksi dengan perempuan Subyek kedua merasa kesulitan ketika membuat hafalan baru	Regulasi diri interpersonal Regulasi diri intrapersonal
25	Lha keseharian e piye mbah sho?			
26	Ndekne iku yo nek bar ngaji subuh iku neng mesjid. Mboh kadang turu kadang nderes. Terus mudun nek pas ngaji dhuha. Terus bar iku nimbangi endog, soal e ndekne bagian setor endog neng pasar. Terus bar teko pasar ndekne istirahat karo kadang tenguk-tenguk nek menowo dtimbali ibu diutus belonjo mboh dikongkon setor endog neng toko-toko. Bar dhuhur terus moro mesjid, nek sak ngertiku yo kadang nderes kadang turu. Sampe ashar, kadang nek ono wong ndeso ape potong rambut yo dilayani, kan bukak e mulai dhuhur sampe jam limonan. Wong e iku gak neko-neko, termasuk wong seng teratur waktune.	W.FH.26	Aktifitas subyek kedua teratur dalam kesehariannya	Regulasi diri intrapersonal

27	Oh iyo kak wa, samean ngerti gak asal usul e pondok iki?			
28	Wah kurang begitu ngerti sin. Tapi sak ngertiku awal e anane pondok iki iku teko Mbah Dullah Salam gurune bapak. Pak yai diutus gawe pondok, istilah e dikongkon nyemak wong seng pengen ngapalno lah. Tapi dikongkon milih antarane pondok seng gratis karo pondok seng mbayar. Lha bapak milih seng gak bayar keronno podo-podo tirakat ibadah e yo milih seng angil. Terus mbah Dullah ngendikan “temenan lho ya, nek milih seng iku yo tak dongakne mugo-mugo hasil”			
29	Iku samean jare sopo kak wa?			
30	Jare bapak piyambak, pas aku sowan pertama kali bapak ngendikan masalah iku.			
31	Oalah,, nggeh-nggeh kak wa. Yo pun disek kak wa ya, sepurane ngrepoti samean. Mugo-mugo sukses lek e dodolan iwak.			
32	Amiiiii,, Santai wae sin, aku sepurane infone cuman semono thok.			
33	Yo pun kak wa ya,, Assalamu alaikum			

34	Walaikum salam warohmatulloh wabarokah			
----	--	--	--	--



Lampiran IV (Catatan Lapangan)

CATATAN LAPANGAN

Subyek I, Observasi Pertama

Pati, 19 Maret 2016

Pada saat itu malam yang dingin menyelimuti Desa Kadilangu, tempat dimana pondok tersebut berada, pada Sabtu malam Minggu kebetulan pondok sedang libur sehingga kesempatan peneliti untuk lebih jauh menggali data kepada subyek. Wawancara kedua ini dilakukan di rumah subyek yang berada di Desa Pondowan Kecamatan Tayu Kabupaten Pati, suatu desa yang tepat berada di belakang Pabrik Gula Pakis Tayu, salah satu pabrik gula peninggalan zaman Belanda yang ada di Pati.

Wawancara dilakukan di rumah subyek karena permintaan dari subyek sendiri, hal ini dikarenakan agar dalam berlangsungnya wawancara ini berjalan dengan lancar dan antara peneliti dan subyek juga lebih leluasa, sebelumnya peneliti menawarkan untuk melakukan wawancara di warung kopi agar leluasa. Selain itu alasan wawancara dilakukan di rumah subyek juga karena subyek sendiri ingin menjenguk ibu subyek yang berada di rumah sendirian. Sudah menjadi rutinitas bagi subyek untuk menjenguk ibunya. Dalam wawancara ini subyek mengajak salah satu teman sebagai pengambil dokumentasi pada saat wawancara dilakukan.

Pada saat wawancara hendak dimulai sekitar pkl. 22.15 WIB, subyek meminta kertas yang berisi beberapa panduan apa saja yang akan dipertanyakan kepadanya. Hal ini karena subyek agar lebih santai dan mampu memanggil memori yang telah

lama tersimpan dalam ingatannya. Setelah wawancara dimulai, subyek dengan lancar menceritakan apa yang telah ditanyakan oleh peneliti. Dalam wawancara ini subyek berada di depan bagian kiri peneliti sambil berbaring di kursi panjang. pada wawancara kedua ini subyek dengan lancar menjawab pertanyaan dari peneliti.

Hingga akhirnya setelah wawancara bagian kedua selesai, peneliti menutup wawancara yang berlangsung lebih dari 30 menit ini (sekitar 40 menit). Kemudian dengan kesepakatan bersama, peneliti, subyek, dan teman peneliti membuat kesepakatan untuk pulang pada malam itu juga.



CATATAN LAPANGAN

Subyek pertama, Observasi kedua

Pati, 20 Maret 2016

Pagi hari yang cerah ini peneliti telah berjanji ingin membantu subyek di ladang dan sehari penuh akan mengikuti kegiatan subyek dengan niat membantu pekerjaan subyek. Sebelum pergi menuju ladang subyek tampak sibuk membersihkan kandang kambing yang dekat dengan *angkruk* (semacam rumah dari kayu, mirip gazebo) tempat tinggal para santri.

Kemudian setelah selesai membersihkan kandang kambing, pada pukul 07.25 WIB. Subyek dan peneliti pergi menuju ladang yang dimaksudkan. Disana subyek membawa cangkul dan kayu besar yang digunakan untuk membuat penyangga *bor air*. Subyek pertama dengan teliti memeriksa tanaman yang terdiri dari sengan, jati, dan cabai, dengan sesekali mengarahkan peneliti yang membantunya menyiram tanaman.

Kemudian pada saat istirahat dan sedang menikmati kopi yang telah dibawa dari pondok. Tiba-tiba datang salah satu alumni pondok yang meminta kedatangan subyek di acara ngaji selapanan (khataman rutin tiap bulan) di rumahnya yang berbarengan dengan acara selamatan anaknya yang baru lahir. Setelah itu subyek kembali pondok untuk bersiap-siap.

Setelah sampai di rumah tempat acara khataman, karena subyek datang terlambat maka subyek mendapatkan jatah beberapa bagian juz, ketika itu subyek merasa

keberatan karena kebetulan mendapatkan jatah bagian juz yang tingkat kualitas hafalannya kurang baik. Sehingga subyek membaca jatah bagian tersebut.

Stelah acara rutinan selesai, subyek pun pulang dan kemudian mampir di rumah salah satu alumni yang kebetulan juga baru saja membeli kambing. Subyek memeriksa kambing milik salah satu alumni tersebut untuk memastikan kambingnya digembala dengan baik. Namun subyek sedikit kecewa dengan cara alumni tersebut dalam menggembala kambing. Setelah selesai memeriksa kambing, subyek mengajak peneliti kembali ke pondok.



CATATAN LAPANGAN

Subyek I, Observasi Ketiga

Pati, 22 Maret 2016

Cuaca pada siang hari itu sedikit lebih teduh dibandingkan hari biasanya. Saat itu peneliti menerima pesan dari subyek melalui sms, subyek memberi kabar bahwa dirinya bisa diwawancari pada siang itu. Tanpa berpikir panjang lagi peneliti pun mempersiapkan diri untuk menghampiri subyek di pondok. Pada saat itu subyek mengajak peneliti untuk melakukan wawancara di tambak sambil menggembala kambing.

Sepanjang perjalanan subyek nampak santai dalam mengarahkan gembalaannya menuju tempat yang akan dituju. Hal ini karena subyek memiliki keahlian dalam hal mengurus hewan ternak seperti kesibukannya dulu pada saat di rumah.

Ketika sampai di tempat yang dituju, subyek pun membiarkan kambing gembalaannya untuk menikmati rumput di tambak yang nampak segar. Subyek pun mengajak di salah satu *gubuk* (semacam rumah kecil yang berada di tambak) milik warga. Tempat ini adalah salah satu tempat favorit subyek saat menggembala kambing. Hingga akhirnya wawancara di mulai pada pkl. 14.15 WIB. Wawancara berlangsung santai dan subyek menjawab dengan santai pertanyaan-pertanyaan dari peneliti. Dalam beberapa kali subyek sambil mengawasi kambing gembalaannya dan sesekali melempari kambing-kambing yang hendak menerobos tanaman tomat milik warga yang ditanam di *galeng* (semacam tanggul) tambak.

Dalam beberapa pertanyaan yang diberikan oleh peneliti, subyek merasa kurang nyaman dalam menjawabnya. Diantaranya adalah pertanyaan mengenai target dan bagaimana cara subyek dalam menghafalkan Al Qur'an. Namun ada beberapa pertanyaan yang membuat subyek merasa tidak tertekan, misalnya ketika pengalaman yang dialami oleh subyek adalah sama seperti yang dialami oleh peneliti.

Hingga akhirnya pertanyaan-pertanyaan dari peneliti sudah terjawab semua oleh subyek selama lebih dari 30 menit. Kemudian datanglah salah satu santri yang bertugas untuk membawa kambing gembalaan pulang. Setelah menikmati jajanan yang dibawa oleh salah satu santri, kemudian subyek mengajak peneliti untuk kembali dan berencana menuju ladang tempat subyek menanam lombok. Akan tetapi ketika dalam perjalanan peneliti meminta berhenti sejenak untuk melihat dari kejauhan subyek kedua yang sedang memberikan pupuk pada tanaman lombok di salah satu sawah milik pengasuh.

Kemudian peneliti dan subyek melanjutkan perjalanan menuju ladang tempat subyek menanam cabai, sengan, dan jati. Setelah sampai disana, ternyata telah sampai pengasuh dan istrinya yang sedang memetik cabai yang telah masak dengan ditemani cucunya yang masih balita. Kemudian saat itu juga subyek menjelaskan bahwa pengasuh biasanya membantu menyiram tanaman-tanaman disana, hal tersebut sebagai olahraga yang memiliki banyak manfaat.

Setelah selesai dari ladang tersebut, subyek pun mengajak kembali ke pondok. Peneliti akhirnya berpamitan untuk pulang dan mengucapkan terimakasih kepada subyek.



CATATAN LAPANGAN

Subyek II, Observasi Pertama

Pati, 25 Maret 2016

Pada jum'at pagi kegiatan pekerjaan seluruh pondok banyak yang libur. Sehingga hal ini yang dimanfaatkan oleh subyek kedua untuk mencuci baju. Setelah merendam baju kemudian subyek kedua mengajak peneliti ke tempat yang biasa ia gunakan untuk melakukan muroja'ah, di masjid.

Nampak raut wajah yang ceria dan santai dari subyek kedua, hal ini karena subyek kedua memang dikenal orang yang murah senyum. Sekitar pk. 06.45 WIB. Wawancara dimulai, selama wawancara berlangsung subyek kedua dengan tenang menjawab pertanyaan yang diberikan oleh peneliti. Subyek seolah menceritakan aktivitas sehari-harinya dan menikmatinya.

Setelah subyek kedua menjawab seluruh pertanyaan yang diberikan oleh peneliti, kemudian subyek pun kembali untuk melanjutkan kegiatan mencuci baju yang sebelumnya telah ia rendam.